

Dezyèm So A

63-0319

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Bonswa, zanmi. Annou tout kanpe jis yon moman pou lapriyè, si nou vle.

2 Papa nou ki nan Syèl la, nou reyini ankò nan asanble solanèl sa a, aswè a, nan sèvis Seyè a. Epi Ou te pwomèt ke tout kote nou ta rankontre ansanm, kit se de oswa twa nan nou, ke Ou ta dwe nan mitan nou. E nou ka asire nou ke Ou isit la, paske nou reyini nan Non Li.

3 Kounye a, nou priye, Papa, pou ke—ke Ou vini aswè a epi brize Dezyèm So sa a pou nou. E kòm powèt la te di, li ta renmen gade lòt bò rido tan an. E se dezi nou, Seyè, se jis pou—se jis pou gade lòt bò epi wè sa ki blayi pi devan. Epi nou priye pou Ayo ki te imole a vini nan mitan nou kounye a epi brize So a, epi—epi revele L pou nou, bagay nou bezwen wè yo.

4 Gen kèk isit la, Seyè, ki poko antre nan gwo kominyon sa a alantou Kris. Nou priye ke, aswè a, ke yo va pran desizyon Etènèl sa a, pou ke yo ranpli ak Lespri Bondye a.

5 Si gen nenpòt moun ki malad, Papa, nou priye ke Ou va geri yo. Gen anpil mouchwa ki lonje isit la ke mwen poze men m sou yo, an souvni de—de Bib la, de Sen Paul, kote yo te pran mouchwa ak tabliye ki te touche kò li. Move lespri yo te kite moun yo, epi yo te geri.

6 Nou wè Vini Seyè a ki pwòch. Nou konnen tan an ap apwoche. Bagay sa yo retounen ankò nan Legliz la, apre milnèfsan lane.

7 Kounye a nou priye, Papa, ke Ou va akòde bagay sa yo nou mande yo. Fòtifye sèvitè W la, epi ede sèvitè W yo toupatou, Seyè, e sitou nou menm ki reyini isit la aswè a, pou nou kapab resevwa Pawòl la. Nou mande nan Non Jezi. Amèn.

8 Sètènman li fè bon pou retounen nan kay Seyè a ankò aswè a. E mwen konnen anpil nan nou kanpe, mwen—mwen regrèt sa, men jis apèn genyen kwakeseswa nou ka fè an plis. Nou—nou gen legliz la—la menm jan...te ogmante li yon kote nou ka gen twa oswa kat, twa san oswa kat san plas an plis. Men nan reyinyon espesyal tankou sa, sa—sa pote yon ti foul moun.

9 Kounye a, o, mwen jis ap pase yon bèl moman, nan lapriyè, nan etidye So sa—sa yo. Mwen espere pou nou tout se menm bagay la, tou. [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Mwen — mwen sèten se menm bagay la pou nou. E si Sa vle di anpil pou mwen menm jan Li ye pou nou, se sètènman yon...n ap gen yon bèl moman. E mwen gen yon...

10 Mwen vle rele yon zanmi fi mwen, apre sèvis la. E se anivèsè nesans li. Li gen douzan jodi a, Sara, pitit fi mwen an. Epi aprè, alò, apre demen, mwen pral oblije fè yon lòt apèl, paske se anivèsè nesans Becky.

11 E bon, aswè a, n ap etidye Dezyèm So sa a. E pou kat premye So yo genyen kat kavalye. E mwen pral di nou, jodi a gen yon bagay ki rive ankò. E, mwen—mwen, yon bagay ke mwen...Mwen t ale pou m te pran ansyen nòt ke m te genyen yo, ke mwen te pale sou li, depi lontan, e mwen te jis chita la. E mwen te panse: “Ebyen, mwen—mwen te fè meyè ke m te kapab.” E anpil ekriyen ak bagay sa yo, epi mwen te panse: “Ebyen, mwen pral li pandan yon ti tan, epi gade yo pou m wè *sesi sela*.” E premye bagay la ou konnen, yon bagay jis rive, epi tout bagay te diferan nèt. Li jis vin diferan. Lè sa a mwen pran yon kreyon byen vit, epi mwen kòmanse ekri osi vit ke mwen kapab, pandan ke Li la.

12 O, se jis yon bagay ki sot pase jis yon demi èdtan de sa. Mwen t ap pale sa ak Frè Wood, antan nou t ap vini, jis kèk minit de sa. Jis yon bagay, ou konnen. Ou konnen, gen anpil bagay k ap pase, ou jis pa ka pale de li, ou konnen. Men jis gen yon bagay ki sot pase ki jis ede m anpil.

13 Mwen gen yon zanmi isit la yon kote nan bilding lan. Natirèlman, nou tout se zanmi m. Frè sa a—sa a se frè Lee Vayle. Li se yon frè presye, epi yon vrè etidyan nan Lekriti. Doktè Vayle se yon Batis ki gen Sentespri a. E li se yon...Mwen pa di sa pou fè l konpliman, mwen jis di sa paske mwen kwè li. Mwen panse ke li se youn pami etidyan yo ki pi byen vèse ke mwen konnen, ki nan ran nou. E li fèk ekri m yon ti nòt isit la, epi li te voye Billy pote l pou mwen. E Billy te gen anpil mizè pou l te li l, pou mwen. E mwen panse ke...Mwen pat ko reli l, men mwen te jis pral di sa li te di isit la. E mwen fèk li li, Frè Vayle, si w isit la. Mwen fèk li sa depi apeprè sis mwa de sa.

14 “Mwen pa fin sèten,” li di. “Frè Bill, mwen pa fin sèten, men mwen kwè ke Polycarp te yon elèv Sen Jan.” Se kòrèk. Se sa li te ye. “Mwen panse ke Irene te yon elèv Polycarp.” Se kòrèk, egzakteman. “Irene te di, ‘Jezi ap retounen—ap retounen lè dènye manm eli nan kò Kris la va antre.’”

15 Se te Irene, apeprè katsan lane nan...apre lanmò Kris. Li di: “Lè dènye laj sa a va vini...” Bon, sa se nan Konsil Pre Nise a—a. Nou menm kanmarad ki isit la, ki li... etidye Lekriti, epi

etidye...mwen vle di, etidye istwa Bib la, nou jwenn sa nan pre...nan Konsil Pre Nise a. E mwen panse ke se premye liv la oswa dezyèm liv la, ou—ou va jwenn li. E kounye a, li te wè li, plizyè lane de sa, ke li te di: “Lè dènye a, dènye—dènye eli a, ki eli a.”

16 Moun panse ke eleksyon se yon bagay ki fèk—ki fèk yon bagay ki kale isit la dènyèman. O la la! Sa se youn nan ansèyman yo ki pi ansyen ke nou genyen: eleksyon ak apèl. Se konsa Irene, sètènman, vrè etidyan nan Lekriti yo, toujou kwè nan eleksyon.

17 E alò Irene te youn nan zanj laj legliz la, jan nou te wè, jan nou te etidye. Nou kwè. Natirèlman, kounye a, yo tout te mistè. Yo tout isit la, byen, byen kache isit la nan So yo, ou wè. E yo dwe revele nan dènye jou a. Ki jan yo te kòmanse ak Pòl, ak—ak Irene, ak Martin, e latrize, desann, epi rive desann jouk nan dènye laj la.

18 Epi, bon, nou gen konfyans kounye a ke Seyè a ap beni efò nou yo aswè a. Kounye a, nou te...Premye So a, mwen sètènman te rejwi de sa. Premye So a, benediksyon ki te akonpaye L, pou mwen!

19 E bon, mwen—mwen pa vle kenbe nou twò lontan. Men, ou wè, mwen—mwen pral pati kounye a menm ankò, nan kèk swa, e lè sa fini. Epi nou gen jis pou n soufri yon ti tan. E mwen apresye...

20 Mwen wè frè Junior Jackson kanpe la. Mwen...E mwen te panse mwen te wè Frè Ruddell, kèk moman de sa, isit la yon kote. Epi frè sa yo, ke legliz sè nou yo libere, ak lòt yo. Nou sètènman apresye sa. E mwen wè Frè Hooper, mwen kwè, kanpe bò miray la, ki soti nan Utica, legliz la la. E nou sètènman apresye bèl kolaborasyon nou tout nan bagay sa a.

21 Kounye a, yè swa, jan nou toujou renmen sa, nan ansèyman sou—sou So yo, nou anseye li menm jan ou fè sou—sou —laj legliz yo. E lè nou te fini ak ansèyman sou laj legliz la, dènye fwa lè mwen te trase yo isit la sou—sou lestrad la, sou yon tablo, konbyen moun ki sonje sa ki te pase? Li te desann dwat, Li t ale dwat sou miray la dèyè a, nan yon Limyè, epi Li te desine l, Limenm, la menm sou miray la, devan nou tout. Zanj Seyè a te kanpe la devan plizyè santèn de moun.

22 Epi kounye a Li—Li ap fè yon bagay reyèlman Sinatirèl kounye a, tou, e konsa nou jis ap espere gran bagay. Nou pa konnen...Nou renmen jis ret tann pou gran antisipasyon sa a—sa a, nou jis pa konnen ki sa k pral rive apre, ou konnen, jis—jis ap tann. Bon, ala Bondye gran pou nou, ala Li mèveye! Nou sitèlman apresye Li!

23 Kounye a, vèsè 1 ak 2 a, mwen pral li Li, pou m on ti jan bay yon baz. Epi n ap pran vèsè 3 ak 4 la, pou Dezyèm So a. Epi vèsè 5 ak 6 la se Twazyèm So a. Epi 7 la ak 8 la se...De

vèsè pou chak kavalye. E kounye a mwen vle nou gade ki jan kanmarad sa yo...Sou chwal pal sa a, petèt...Men li ki vini, li jis kontinye chanje antan l ap vini.

24 Epi gran dènye So sa a ki dwe louveri, si Bondye vle, dimanch swa pwochen! Sa, lè li te rive, te gen sèlman, yon sèl bagay ki te pran plas, “se te silans nan Syèl la pou yon demi èdtan.” Ke Bondye ede nou.

25 Bon, mwen pral li vèsè 3 a kounye a.

Lè li louveri dezyèm so a, mwen tande dezyèm bèt la ki t ap di: Vin wè.

Epi gen yon lòt chwal ki soti...(vèsè 4)...ki te wouj: yo te bay moun ki te chita sou li a pouvwa pou l te ka anlve lapè sou latè,...pou youn te touye lòt... pou youn te touye lòt : epi yo te ba li yon gwo epe.

26 Bon, yon bagay misterye kounyeya, lè—bèt la te di Jan: “Jis vin wè”. E li pa t wè sa li te ye. Li te jis wè yon senbòl. E senbòl sa a, rezon ki fè li...Li di: “Vin, wè,” men li te wè yon senbòl, ke li te dwe senbolize li pou legliz la, yon fason ke yo ta gade; jiskaske li rive nan dènye laj la, e lè sa a, So a ta dwe louveri.

27 Bon, tout moun konprann sa kounye a, ou wè, So yo ta dwe louveri. Èske w pa kontan pou w ap viv nan jou sa a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Sa, ou wè, pa sèlman sa, zanmi, men toujou sonje kounye a, dènye dimanch maten, sou kisa tout bagay la te baze, senplisite! Ou wè? Senp, enb, k ap pase yon fason ke gen moun ki pase tou dwat epi yo pa menm konnen Sa rive.

28 Epi, sonje, n ap tann Vini Seyè a, nenpòt ki lè. E lè nou...Mwen te fè yon deklarasyon, ke mwen petèt ke Anlèyman an ta dwe menm jan an. Li pral pase, fini, e pèsonn p ap konnen anyen sou li. Li jis pral rive konsa. Ou wè? Epi anjeneral... Jis fè yon ti tounen nan Bib la epi gade kijan sa rive konsa. Ou wè?

29 Menm jan yon bagay osi enpòtan tankou vini Seyè Jezi a, pèsonn pat konnen anyen sou sa. Yo te panse: “Biza sa a, yon moun.” Legliz yo te di: “Se jis yon fanatik. Nou...Li vrèman fou.” Li di: “Li se yon moun fou.” “Nou konnen ou ensanse.” *Ensanse* vle di “fou.” “Nou konnen Ou gen yon demon, epi li rann Ou fou. Epi w ap eseye anseye nou? Alòske, ou te fèt laba a, yon fason ilejitim. Nou...Ou te fèt nan fònikasyon. W ap eseye anseye moun tankou nou, prèt yo, e latriye, moun tanp lan?” Ebyen, o la la, se te yon ensilt pou yo.

30 Lè Jan te vini, yo te pale de li, depi tout tan, depi Ezayi rive sou Malachi. Sa se mildesan...oswa sèt san douz lane, pwofèt yo te wè l, ap vini. Tout moun t ap tann li vini,

espere l nenpòt ki lè. Men fason li te vini an, li te preche epi li te fè sèvis li, epi li te pati nan Laglwa.

31 Menm apòt yo pa t konn sa, paske yo te mande Li. Yo di: “Kounye a, si—si Fis de lòm lan prale Jerizalèm, tout bagay sa yo, pou yo ofri L,” poukisa Lèzekriti di Eli pral vini anvan?

32 Jezi di: “Li deja vini, nou pat konn sa. Epi li te fè egzakteman sa Lekriti te di ke li ta fè. Epi yo te fè l jis sa ki te predi.” Ou wè? E yo pat kapab konprann li. Li te di: “Se te Jan.”

E, alò: “O!” Ou wè, yo—yo te vin konprann li. Yo...

33 E, menm lè, anfen, apre tout bagay Li—Li te fè yo, ak siy ke Li te montre yo, e Li te menm site yo. Li te di: “Kilès nan nou ki ka kondannen M nan peche, enkredilite? Si Mwen pat fè egzakteman sa Lekriti te di ke fonksyon M ta fè lè Mwen vin sou tè a, alò montre M kote M peche. Ou wè? Alò Mwen va—Mwen va montre nou kilès nou sipoze ye, epi ann wè si nou kwè l, ou non.” Ou wè? Li ta ka tounen touswit epi pou L di: “Nou te sipoze kwè nan Mwen lè M vini.” Yo pa t fè l, Ou wè, kifè yo te konnen mye ke diskite avè L, sou sa. Men li di: “Kilès nan nou ki ka akize M de enkredilite? Ou wè? Èske Mwen pa fè egzakteman sa ki te dwe fèt?”

34 E menm apòt yo, antan yo t ap mache ansanm, te trebiche. Nou konnen kisa Lèzekriti di sou sa. Alò lèfini, anfen, yo te di: “Kounye a, nou kwè. Nou kwè pa gen moun ki gen pou di W anyen, paske Ou konnen tout bagay.”

35 Bon, mwen ta jis renmen wè figi L. Li dwe te gade yo, Li di: “Ebyen, kounye a nou kwè? Finalman sa vin klè pou nou.” Ebyen, li pat sipoze konsa, petèt, anvan lè sa a, ou wè. Epi Bondye fè tout bagay jan sa dwe ye, ou konnen. Mwen—mwen renmen Li pou sa.

36 Men kounye a n ap panse a laj nou an kounye a. Paske, mwen dwe pale sou sa, nou p ap antre nan So sa yo, ditou.

37 Epi kounyeya, sonje, mwen resevwa anpil rekèt pou priye pou malad yo. E m ap lapriyè pou...tout tan, pou chak rekèt mwen jwenn, epi pou mouchwa yo ak bagay sa yo. E si nou ka fini ak So sa yo, jiska dènye So a, dimanch maten nou...Si se volonte Seyè a, nou ta renmen gen jis yon bon sèvis gerizon alansyèn mòd isit la, ou konnen, kote ou jis pran tout maten an pou priye pou malad yo. E mwen—mwen ase sèten ke se pral yon reyinyon gerizon etranj. Ou wè? Mwen jis gen yon santiman konsa, ou wè. E alò, se pa etranj, men sa ka yon ti kras etranj pou kèk moun, ou wè, ki sa mwen vle di.

38 Bon, ala gras Bondye gran, pou revele sekrè Li yo pou nou nan jou sa a! Kounye a, nou tout pral kwè ke n ap viv nan dènye jou a. Nou kwè sa. Epi sonje, sekrè yo te dwe devwale

nan dènye jou a. E ki jan Li revele Pawòl Li, sekrè Li yo? Bib la di. Èske nou ta renmen li kote Li di li? Ann jis vire epi wè ki jan Li revele sekrè li yo.

39 Kounye a mwen vle nou li Amos. Vire sou Liv Amòs la, e mwen vle nou li nan 3èm chapit Amòs la, ak vèsè 7 la. Trè byen. M ap li vèsè 6 la, tou.

Eske gen yon twonpèt...kònen nan vil la, epi pèp la pa bezwen pè? eske gen malè nan yon vil, epi Seyè a pa fè sa?

Se vre wi, Seyè a...pap fè anyen, san li pa revele pwofèt sèvitè l yo sekrè l yo.

40 Kounye a, nan dènye jou yo, nou se...Li te predi pou nou ke yon—yon pwofèt ta pral parèt.

41 Kounye a, nou konnen ke nou te genyen tout kalite. Kounye a, mwen reyalize, apre mwen fin gade ozalantou aswè a, m ap—m ap pale isit la devan etidyan yo ki chita isi a, e mwen—mwen ta renmen pou nou konprann mwen. E nou reyalize, kasèt sa yo prale nan lemonn antye, ou wè, jis nan lemonn antye. E mwen pa ta vle nou panse, okenn fason, ke m ap eseye enjekte yon—yon jan de sèk sou kouvèti Eli oswa manto Eli. Ak tout—tout bagay sa yo, nou te gen ase de bagay sa a. Men, ou konnen, tout bagay sa yo se sèlman yon prekisè vrè bagay reyèl la ki gen pou vini an, pou jete moun yo nan move chimen.

42 Èske w te konnen nou te gen fo lidè ki te leve kanpe, fo mesi anvan Kris te vini? Èske pat, èske pat...Pwofesè a nan jou sa a, vanyan pwofesè sa a, Gamalyèl, lè—lè kesyon an vini konsènan bat mesye sa yo, e latriye, li te di: “Kite yo trankil. Si sa vin de Bondye, ebyen, ou pral jwenn ou ap goumen kont Bondye. Men, si se pa Bondye...” Li te di: “Èske pt gen yon moun ki te leve kanpe, sa pa gen lontan, epi ki te pran katsan nan dezè a, e latriye? Nou gen bagay sa yo.” Kisa sa te ye? Tout te prekisè Bagay reyèl la anvan Li te rive.

43 Kounye a, ou wè, Satan sisite moun sa yo. Gade riz endividi sa a ke n ap pale de li a isit la, Satan, kote n ap devwale l isit la; jis dezabiye l, pa Lèzekriti, epi kite ou wè ki moun li ye. Se sa ki...sa ki sipoze fèt.

44 Epi, sonje, li pa t eseye antre anndan epi pou l yon kominis, Satan pat fè sa. Li se yon antikris. “Sitèlman pwòch, ke,” Jezi te di: “li ta twonpe Eli a menm...” E se Sila yo ki te kache nan So sa yo, ki gen non yo nan Liv la depi fondasyon mond lan.

45 Li se yon endividi malen. E lè li wè bagay sa a ap vini, ap parèt, alò li lanse tout sa l kapab la, pou l met dezòd anvan sa rive. Èske w te konnen pral gen fo Kris ki gen pou leve nan dènye jou yo? Sa ta dwe swiv imedyatman apre sa, apre gran Mesaj sa a ke frè sa a pral pale a, ki pral vini an reyalite, ki wen ak lespri Eli, imedyatman.

46 Epi yo pral fè erè sou Li. Kèk nan yo pral panse ke li se Mesi a. Men, li pral di kategorikman: “Non.” Paske, sa dwe rive tankou Jan.

47 Nan tan Jan Batis, lè li te soti pou l al preche, yo di li: “Se pa Ou ki Kris la? Se pa Ou ke Li ye?”

48 Li di yo: “Se pa mwen. Mwen pa diy pou m delase soulye Li yo. Men m ap—m ap batize nou nan dlo, men L ap batize ak Sentespri a.” Epi Jan te sitèlman sèten ke li te sou latè, li te di: “Li nan mitan nou, yon kote, kounye a.”

49 Men li pat konnen Li jouk lè li te wè siy sa a t ap desann sou Li. Epi, lè li te wè Limyè sa a ki t ap desann epi ki te gaye tankou yon kolonm, epi ki te poze sou Li, li di: “Men Li. Se Li.” Men se sèl Jan ki te wè L, ou konnen. Se sèl Jan ki te tandè Vwa a. Tout rès yo la, pèsonn pat tandè Li.

50 Men alò lè vrè sèvitè reyèl la vini; ak tout imitasyon sou li, pou te boulvèse lespri pèp la. Satan fè sa. Epi moun ki pa ka disène sa ki byen ak sa ki mal, yo jis bite tonbe. Men Eli yo p ap fè sa; Bib la te di ke li pa t ap kapab sedwi Eli yo. E kounye a, jis anvan Vini Kris la, Bib la te di: “Ta gen fo Kris ki leve, epi yo ta pretann ke yo se Kris, epi yo ta di: ‘Men ni, moun yo di ke Li nan dezè a.’ Pa kwè li. ‘Men ni, Li nan chanm lan.’ Pa kwè li.”

51 “Paske, menm jan solèy la klere soti nan lès jouk nan lwès, se konsa vini Fis de lòm lan va ye.” Ou wè? Wi, Li pral—Li pral—L ap parèt, e se pral yon bagay inivèsèl. E kounye a sa pral rive, kounye a, natirèlman, lè yo jwenn ke gen yon bagay ki te pran plas, ou wè, lè sa a, yo pral...Kounye a, sonje, sa pral pran plas imedyatman apre Legliz la fin al Lakay li, apre Lanlèyman an.

52 Kounye a pral gen fo imitasyon, tout tan, epi nou pa vle konekte nan anyen tankou sa. Non, mesye.

53 E mwen kwè, lè moun nan vini, sila ki predi pou L vini an, mwen sèlman montre sa nan Lèzekriti, ke nonm sa ap gen pou l yon pwofèt. Se sa Li va ye sètènman. E revelasyon Bondye a, paske Bondye...Pawòl Seyè al jwenn pwofèt Li yo. Se egzakteman sa. Sa se...Epi Bondye pa ka chanje, ou wè. Si Li te gen yon sistèm ki pi bon, Li ta—Li ta itilize li. Men, Li—Li te gen...Li te chwazi pi bon sistèm lan nan kòmansman an.

54 Menm jan, li te ka chwazi solèy la pou preche Levanjil la. Li te ka chwazi lalin lan. Li te kapab chwazi van an—an. Men Li chwazi lòm. E Li pat janm chwazi gwoup yo. Endividi! Ou wè?

55 Epi pa janm gen de pwofèt majè sou tè a an menm tan. Ou wè, chak moun diferan, li gen yon nati diferan. Si Bondye ta ka jwenn yon sèl moun, se tout sa Li dwe genyen, drèt nan men Li, Li ka fè sa Li vle. Li jis dwe gen yon sèl. Nan jou Noe yo; nan jou Eli yo; nan jou Moyiz yo.

56 Anpil moun te leve, nan tan Moyiz la. Ou konnen ki jan yo te fè, e yo te vle di: “Ebyen, se pa oumenm sèl ki sen nan mitan gwoup la,” e—e Datàn ak—ak Kore.

57 Epi Bondye di: “Separe tèt ou sèlman. Mwen pral jis louvri tè a epi vale yo.” Ou wè? E—e konsa...

58 Epi moun yo te tonbe plenyen. Li te di: “Mwen pral jis—mwen pral jis elimine tout bagay la nèt.”

59 Se la Moyiz te pran plas Kris la, lè sa a, pou l te jete tèt li nan labrèch, epi li di: “Pa fè sa, Seyè.” Ou wè? E, sètènman, li...Après li te fin òdone Moyiz pou fè sa, Li pa t vin sou Moyiz, paske li te aji tankou Kris nan tan sa a. Se te Kris nan Moyiz. Absoliman.

60 Kounye a, nou sitèlman kontan jodi a ke Bondye revele tèt Li a noumenm. E mwen kwè gran Jou a jis kòmanse ap parèt, ap leve. Limyè yo kòmanse briye. Zwazo nan paradi yo kòmanse chante nan kè sen yo. Yo konnen ke se pa lwen kounye a. Yon bagay pral rive, li jis dwe rive. Alò, si “Li pa fè anyen...”

61 Kounye a, tout ekriti enspire. Ekriti yo dwe absoliman se verite. Pa gen moyen pou kontounne sa. Men kote ke M diferan de zanmi nou yo, legliz Katolik. M kwè ke li pa t jis ekri pa lòm sèlman. M kwè ke li te mouvwa pa Sentespri a. Ak tout ti bagay sa ki te ajoute, eseye ajoute a li; ou te remake, nan chache rezoud sa, yo te chase chak nan yo deyò.

62 Ebyen vrè e reyèl Ekriti konkòde, youn ak lòt, jouk - pa gen okenn kontradiksyon nan yo, okenn kote ditou. Montre m yon pati nan literati ki kab-ki ka ekri yon vèsè, difisilman, san l pa gen kontradiksyon, oswa ekri-ekri yon vèsè, oswa de. Epi Bib la pa gen kontradiksyon, okenn kote. M tandè yon vye kritik di sa, men m te gen yon òf pou li pandan lontan, pou montre m ki kote l ye. Li pa t la a. Se jis paske lespri imen an anbwouye. Bondye pa anbwouye. Li konn kisa lap fè. Li konnen.

63 Gade, si Bondye pral jije mond lan pa yon legliz, jan legliz Katolik la di lap fèl la, dakò, men ki legliz sa a? Jis gade legliz nou yo. Nou te gen nèt san e kèk, diferan òganizasyon legliz yo. Koulye a, kouman fè ... Youn anseye fason sa a, e yon lòt fason sa a. Gade yon konfizyon, konsa, nenpòt moun jis fè sa yo vle, wap kontinye kanmèm. Bondye dwe gen kèk nòm, e se Pawòl Li.

64 Palan de ... M pa vle trò lanse sou Katolik la , kounye a, 'paske Pwotestan an osi pa bon. Men M tap pale ak yon prèt, li te di, "Mesye Branham," li te di, " Bondye nan legliz li a."

65 M te di, "Mesye, Bondye nan Pawòl Li. Epi Li se Pawòl la. " Wi mesye. Li te di, "Oke, Li nan ... Legliz la enfayib."

66 Mwen te di, "Li pa di sa. Men, Li te di Pawòl la enfayib. "

67 Li te di, "Ebyen, nou te konn anseye batèm fason sa a, elatriye."

M te di, "Kilè?"

Te di, "Retounen nan premye jou yo."

M te di, "Èske w admèt ke sa a dwe legliz Katolik ?"

Li te di, "Wi."

68 M te di, "Alòs, m se katolik, demode. Mwen kwè fason demode a. Noumenm moun jodi yo nou mele tout bagay, e difisilman nou preche sou yon bagay ki nan ekriti a. Entèsesyon ak fanm e moun ki mouri, ak tout lòt bagay sa yo, epi, oh, lala, pa manje vyann, epi, oh, mwen pa konn kisa tout sa ye, ou wè. " M te di, " jwenn li nan Ekriti a pou mwen non."

69 Li te di, "Li pa bezwen la. Osi lontan ke legliz la di sa, se fini. Li pa fè okenn diferans kisa Sa di, se legliz la. "

70 M te di, "Bib la te di ke, 'Nenpòt moun ki ajoute yon mo nan li, oswa retire youn ladan l, pati pal la ap soti nan Liv lavi a. ' Sa a, se Pawòl la! M kwè Pawòl la. "

71 Ebyen, e, lè sa a, si Amòs di, ansanm ak lòt ekriti ki ale avè l yo, ke si ...

72 Epi raple w, de sa, nou jis ap frape sou pwen enpòtan l yo. Jis, olala, si ... Lè m al nan chanm sa a, epi-e ke onksyon an tonbe, si m te kab ekri sa ke Li ... tout sak te pase, m ta dwe pase twa mwa la a sou youn nan So yo. Konsa, jis touche pwen yo epi fè sòti, jis sak ta sanble pa pral toufe pèp la. Men, kanmenm, pa ase yo fè yo mal, men jis pou ke, M kwè, li ta-li ta asezonnen bagay la. Ou konn kisa m vle di.

73 Kounye a, gade sa a byen, si "Bondye pa fè anyen," Amòs te di, "jiskaske l revele l bay sèvitè l yo, pwofèt yo anvan." Epi, apre sa, nou wè sa l ap fè. Se kapab ke L ap prepare pou fè yon bagay, sa Lap revele kounye a. Bondye ap prepare l pou l rantre sou sèn nan, nan jijman, m kwè. Lap prepare l pou l fè yon bagay. E yon bagay ankò, sa temwaye sèten, nou nan dènye jou yo. Nou nan fen laj la, laj Legliz Laodise a kounye a, paske bagay sa yo te dwe revele sèlman nan dènye jou a.

74 Bon, jis panse a sa kounye a. Se pou nou jis-jis eseye byen tranpe nan sa nou kwè ke Sentespri a ta fè nou konnen.

75 Koulye a sonje byen, "anyen pap revele; Bondye pap fè anyen, ditou, jiskaske L revele l bay sèvitè l yo, pwofèt yo, anvan sa." Epi anvan Li fè kwakseswa, Li revele l. Men, lè Li revele l, ou ka raple w sa, gen yon bagay ki nan wout. Ou wè, sa ap revele.

76 Epi bagay sa yo ke n ap pale a de yo a ta dwe revele nan dènye jou a, jis anvan dènye twonpèt la, nan fen Mesaj dènye laj legliz la. Se sa. Si w vle li l kounye a, ou ka ale nan ... Ou, m jis refere w, yè swa, twa fwa, Apokalips 10: 1-7, Ou wè. "Epi nan jou ke setyèm anj mesaje a ap sonnen twonpèt li, mistè Bondye a ta dwe revele e konplete." Epi gen yon sèl bagay ki rete. Lè Liv sèt-So sa a louvri, answuit, tout mistè Bondye a ...

77 Poukisa, nou te egzamine kesyon, pandan dè zane. Epi selon Ekriti a, lè sa a, nou ... Pa t gen okenn fason pou konprann li jouk jounen jodi a, paske Li te kache . Nou te wè senbòl la, ki sa L te senbolize, men Li pa t 'kapab kòrèkteman revele jouk dènye jou a. Ou wè? Ebyen, apre, nou dwe la a, nan—nan fen tan an.

78 Kounye a, sonje. Pinga ... Epi pa bliye kounye a, ke, "Li pa fè anyen jiskaske L revele l." Epi pa bliye, tou, ke li fè li nan yon fason tèlman senp, ke, "Sila yo ki senp e ki pridan yo pase a kote li." Koulye a, si w vle note sa a, se nan Matye 11: 25-26. Epi, sonje, "Li pa fè anyen jiskaske L revele li." Epi Li revele li nan yon tèl fason ke moun entelijan ak entèlektyèl yo pase a kote l. Sonje byen, se te sajès ke mond lan te vle olye de Pawòl la, lè premye peche a te fè sa l te fè a. Pa bliye sa kounye a. Oh, ki jan nou ta dwe rekonesan, pou panse ke!

79 Koulye a jis gade bagay sa yo ki rive a! Gade bagay li te di nou yo! Gade isit la nan tabènak sa a, ou menm ki te leve isit la avè l. Koulye a, mwen pral mande bann yo ... Oke, ale non, anrejistre l. Men, gade, mwen jis pral di sa a moun nan tabènak yo, ki te isit la. M lanse nenpòt nan nou an defi, nan non Senyè Jezi a, pou ta janm met dwèt nou sou yon sèl bagay, pami dè santèn bagay ke m te di anvan yo rive, epi ke yo pat rive. Di m yon fwa, ke sou lestrad la, deyò a, nenpòt kote l te ye a, ke L te janm di yon bagay ki pa t' pafètman jis egzakteman fason an. Kòman Èske yon lespri imen te ka konsa? Sètènman pa.

80 Lè Li te parèt anba a bò larivyè a, trant-twa lane de sa nan mwa jen kap vini an, sou fòm yon limyè! Ou menm ansyen moun yo raple nou kisa m te di nou, depi m te yon jenn ti bway, vwa ak limyè sa. Epi moun te panse, M te jis pèdi tèt mwen yon ti kras. Natirèlman, M ta ka pwobableman panse menm bagay la, yon moun te di sa. Men koulye a, ou pa bezwen poze tèt ou kesyon sou sa kounye a. Epi Legliz la pa t mande l depi 1933, anba a bò larivyè a jou sa a, kote m tap batize dè santèn de moun!

81 Mwen sonje ke ti gason Marra sa a te di m', li te di, "Ou pral desann anba a pou plonje moun sa yo, Billy?" Ti Jim Marra bò isit la, m panse ke l mouri kounye a. M panse ke yo te touye l deyò a la a; youn fanm te tire l '. Men, li-li te mande m', "Ou pral desann anba a pou plonje moun sa yo?"

82 M te di, "Non, mesye. Mwen pral batize yo nan non Jezi, Seyè nou an. "

83 Epi te gen yon dam ki tap mache ansanm ak gwoup la. Li te di yon lòt dam, li te di ... fè yon remak, yon bagay de sa. Li te di, "Oke, m pa ta pwoblèm pou m plonje." Li te di, "tout bagay byen. Sa pa deranje m. "

84 M te di, "Retounen epi repanti. Ou pa prè pou w batize nan non Jezikri. " Ou wè?

85 Sa a se pa yon bagay pou jwe avè l. Se Levanjil Kris la, revele pa yon komisyon, Pawòl la. Jis, kounye a, si w ap di, "sotiz ak enbesilite," ou ta ka plase l yon lòt kote. Men, sonje, li te pwomèt nan Pawòl la ke l te gen pou rive, jis ekzakteman sa l te dwe ye a. Epi men li.

86 Lè sa a, anba la a jou sa a, lè yo te kanpe bò larivyè a! Epi anj Seyè a, ke M te di w li te sanble ak yon-yon etwal oswa yon bagay lwenten, apre ki te rapwoche, epi M te di w ki jan limyè a emwòd la te sanble. Epi men l vini, jis anba a bò larivyè a kote M tap fè batèm yo.

87 Lè, komèsan bò isit la nan vil la, te di, "Ki sa sa vle di?"

88 Mwen te di, "Sa pa t pou mwen. Sa te pou wou. M kwe. Ou wè? Se poutèt ou, Bondye te fè sa, pou fè w konnen ke m di w laverite . " Antan ke yon ti moun, yon jenn ti gason, tankou, anviron vente-en lane, yo-yo pa ta kwè sa, ou wè, paske se twòp pou yon ti moun. Epi apre sa M tap panse ...

89 Frè Roberson isit la, youn nan administratè nou yo, mwen te wè l isit la kèk minit de sa. Li tap di m lòt jou kel te Houston lè foto a te pran, ou wè sa. Apre sa, M te ... Sou deba sa a, M te kòmanse di yon bagay sou sa, avan yèswa. Frè Roy te sèl ... ak yon sèl moun anplis, se te sèl moun nan gwoup la ki te gen yon anrejistre. Se te youn nan ansyen anrejistre a fil fè yo . M wè frè Roberson kounye a, ak madanm li. Kidonk, epi-epi sa a, Madam Roberson te malad.

90 Frè Roy te yon veteran. Epi janm li eksploze , yo te depoze l deyò pou yon mò. Li te yon ofisyè nan - nan Lane a. Epi yon Alman 88 frape tank sa a ke li te avèk l la, epi li jis touye nonm lan, epi l te eklate an miyèt moso. Yo depoze l 'deyò a kòm mò, pou yon bon bout tan. Apre sa, yo te di ke l pap janm ka mache, paske tou de pye yo te koupe, nè ki nan yo a, ak bagay sa yo. Olala, li ka prèske depase m nan mache.

91 Men kisa li te ye? Te gen yon bagay ke l te wè, epi li te ale Houston. Apre sa, li tap pale m de madanm li. Answuit li te gen-li te gen kab la; e pral ranje l sou yon bann. Epi apre sèvis yo fini isit la, ebyen, li pral jwe l pou nou tout, m espere. Epi sou ansyen bann a kab ki la a la, li te gen sèvis mwen yo ki te fèt nan Houston. E apre sa madanm li, li te di, te pran l la a, epi li pat janm remake sa jouk lòt jou.

92 Li te, oh, li te tèlman tris. Li te malad, epi l te vle ale nan liy priyè a. Yo pat janm konnen m ', epi m pat janm wè yo nan lavi m. Konsa li te chita bò yon-yon fenèt jou sa a, ap gade deyò, e tèlman tris, ou konnen, e kontrarye, epi tap swete pou l te kab jwenn yon kat priyè, pou antre nan liy lan.

93 Epi, sa te rive, jou swa sa a li te antre nan liy lan, oswa nan demen swa, oubyen yon bagay. M kwè, nan menm sware a. Epi li te rantre nan liy lan. E lè l monte sou platfòm nan, Sentespri a di l, li di, "Kounye a, ou pa moun isit la. Ou sot nan yon vil ki rele New Albany. " Epi li di, "Ou te chita bò yon fenèt jodi a, ap gade deyò, epi w tou enkyete pou konn si wap jwenn yon kat priyè." Men li, sou bann lan, dè zane de sa.

94 Epi lè sa a nan kòmansman reyinyon an, lè Sentespri a te la ... Se te premye reyinyon an. Nou te sèlman sou twa mil moun, apre nou te monte a uit mil, answuit a anviron trant mil. Kidonk, apre, nan ... Pandan ke m tap pale nan ... Youn nan tou premye reyinyon yo, M te di, "M pa konn poukisa m ap di sa a." Koulye a, li sou bann lan. "Men, se, nou se ... Sa pral youn nan pwen enpòtan yo nan tan m nan. Yon bagay pral rive pandan reyinyon sa a, sa pral pi gran ke sa pèsonn moun te deja wè. "

95 Epi se te jis anviwon uit oswa nèf, dis sware apre sa, lè zanj Seyè a parèt devan anviwon trantmil moun, e l desann, epi foto a te pran. Men Li, kounye a menm, ki se dwa dotè nan Washington, DC, kòm kwa se sèlman Èt Sinatirèl sa a ke yo te janm fotografye nan mond lan.

96 Apre m te pale apwopo de, ou konnen, M tap di sa kèk fwa anba disèneman ke nenpòt moman, anba disènman, pou di, "Yon moun te gen lonbraj lanmò. Men yon kapichon nwa, lonbraj la. Y ap prepare yo pou yo mouri. "

97 E answuit anwo isit la nan Ès Pines oswa Sid Pines, M kwè ke se sa, jis lè m te la nan dènye reyinyon an. Yon ti dam te chita la a, epi yon bagay te di l, "Pran foto sa a, tou swuit," lè m t ap pale ak yon dam. Epi men sa l te ye. M panse ke l ta pral sou tablo afichaj la; li te la, yon bon bout tan. Men Kapichon koulè fons sa a ki pandye dwat anlè tèt dam lan.

98 Li te pran yon lòt foto, osito ke Sentespri a te anonse li. Li te disparèt. Li te di, "Ou pral geri. Seyè a te geri w. Kansè a te disparèt. " Epi sa l te ye. Ebyen l te geri. Ou wè? Se la w ye. Ou wè?

99 Sa fè ke montre ke Bondye konnen ki lè nan jounen an li ye. Pa noumenm. Nou dwe jis obeyi L.

100 Koulye a nou ka jis kontinye pale, men ann desann isit la kounye a, jis yon minit, epi touche So ki nan do sa a, pou nou ka melanje sila sa a ak li. Koulye a, jis yon revizyon, pou kèk mo - ... yon ti moman lòt — lòt la, Premye So a.

101 Nou remake, nan louvèti Premye So a, Satan gen yon-yon sipè, nonm relijye. Èske w remake ke kavalye chwal-blanc an? Kise, yo, se te nan panse yo ke ke l te yon ... premye Legliz ki te soti; men, oh, lala, sa te anseye pandan dè zane, men se pa t kab sa. Ou jis gade lè rès nan yo a, lè nou lye yo tout ansanm, alòs, gade ki kote l ye, ou wè. Koulye a, e m pa konnen ki sa rès nan yo pral ye, deja. Men m konnen li fèt pou l antre jis parfètman la a, paske se la verite a. Se laverite. Sa se te legliz yerachi Wòm nan, egzakteman.

102 Moun sa yo ki panse ke jwif yo se antekris la, yo sètènman yon milyon kilomèt andeyò liy lan. Penga w janm panse ke jwif yo se antikris. Je yo te avegle, ekspres, pou ke nou ta ka gen yon mwayen pou n antre, pou bann yon tan repantans.

103 Men antikris la se yon moun lòt nasyon. Sètènman. Li se yon imitasyon verite a; anti, "kont." Koulye a, gran sipèmen, oh, ki jan l te vin yon grantòm, e-epi apre l, te twone, te finalman twone. Lè sa a, apre yo fin fotèy, li te kouwone. Epi, koulye a, limenm, apre sa, yo te adore l nan plas Bondye.

104 Koulye a, gade, anvan ke sa te menm vini. Mwen vle mande w yon bagay. Se te ki moun sa a? Kisa k te sou Pòl, nan Dezyèm Tesalonisyen 2: 3, ki te di ke nonm sa a va vini? Poukisa nonm sa a gade atravè laj la epi wè l? Li te pwofèt Bondye a. Sètènman. Poukisa te...

105 Li te di, "Lespri a pale ekspresman, ke nan dènye jou yo ke yo ta kite lafwa a, epi yo pa tap fè atansyon a sediksyon ..." Ou konn ki sa sediksyon an ye. Yon lespri sediksyon nan legliz la, sa se klèje a. "Sediksyon, lespri klèje, fonksyonman move lespri yo; ipokrizi nan legliz la."

106 "Antete, anfle ak lògèy," sajès, ou wè, briyan, entelijan; "Gen yon fòm de pyete." (Jis ale, di, "Ebyen, nou se kretyen; nou ta dwe al legliz.") "Ap pran pòz gen la pyete, men renve revelasyon yo, Pouwa ak travay Lespri a; detounen w de bagay sa yo. " Ou wè? Koulye a,

remake, li te di, "Paske se sòt de moun sa yo ki pral de kay an kay epi pral pral dirije fanm tèt fèb yo ..." Sa pa vle di fanm ki gen Sentespri a. "Fanm tèt fèb ki antrene pa divès konvwatiz."

107 divès konvwatiz yo! Yo jis renmen mele yo nan tout ti bagay yo ke yo ka jwenn, e tout kalite mondanite yo; epi viv nenpòt jan yo vle a, epi, la ankò, "Nou al legliz. Nou jis osibon ke nenpòt ki moun. " Dans, fèt yo, koupe cheve yo, pentire, abiye nenpòt bagay yo vle a; la ankò, "Nou se-nou pentkotist. Nou-nou osibon ke nenpòt ki moun. " Oh! Pwòp zèv ou yo idantifye w. Se vre. Atansyon.

108 Men, li te di, "nonm ak lespri repwouve, konsènan lverite." Ki sa k verite a? Pawòl la, ki se Kris. "Konsènan verite a."

109 "Oh, ou fè ... Ou, ou se yon fanm-chofè. Ou se yon nonm ki rayi fanm. Ou fè sesi, sela. "

110 Non, mesye. Sa pa jis. Sa se yon foste. M pa rayi fanm. Non, mesye. Yo se sè m, si yo se sè. Men bagay ke m ...

111 Lanmou se koreksyon. Si l pa korije, li pa lanmou. Si l se sa, alòs, se lanmou, se - se lanmou fileyo e pa agapao , m ap di w sa. Yo ta ka gen yon ti kras lanmou fileyo pou bèl dam. Men lanmou agapao se yon lòt bagay, se yon lanmou kap drese bagay la, epi rankontre Bondye anwo a yon kote nou ka viv pou tout tan. Ou wè? M pa t 'vle di sa, petèt, nan fason ke l soti a, men mwen ... Ou konn ki sa mwen-mwen ... Mwen espere ke w konprann. Dakò.

112 Bon, men, sonje, li te di, "Menm jan Jannes ak Jambres te kenbe tèt ak Moyiz, se konsa yo pral fè l tou. Men foli yo manifeste toudenkou. "

113 Poukisa? Lè Moyiz te komisyone fè yon bagay ki te sanble drastik, men, li te desann la jis osi onèt ke l te kapab. Epi Bondye te di l 'pou l' pran sa a, baton sa a, pou l jete l atè, el ta tounen yon koulèv. Lè sa a ,, Li te fè l, pou montre l kisa ki ta pral pase. Epi devan farawon an, li te kanpe la a menm jan Bondye te bay komisyone l la, li te jete baton l 'lan, epi l te tounen yon sèpan.

114 E pa gen dout, farawon an te di: -Yon ti astis majisyen bon mache! Se konsa, li ale chache Jannes ak Jambres li yo. Li te di, "Nou ka fè bagay sa yo, tou." Answuit li te jete baton an, epi yo te tounen sèpan.

Kounye a kisa Moyiz te ka fè?

115 Kisa li te ye? Se te pou demontre ke, tout bagay otantik Bondye, dyab la te gen yon imitasyon pou li. Yo imite, pou fè moun kite rout la.

116 Kisa Moyiz te fè, di m, "Bon, m devine mwen te fè yon erè. M fè mye retounen "? Li jis kanpe pi rèd, paske l te egzekite komisyon l, alalèt.

117 Apre sa, premye bagay ou konnen, sèpan Moyiz manje lòt yo. Ou wè? Eske ou te janm panse a sa ke lòt sèpan yo te devni? Ki kote l te ale? Moyiz te ranmase baton an, epi vire do l avè l. Li te fè mirak avè l. Epi sèpan sa a te anndan lòt baton sa a. Ou wè? Sa a se bèl bagay. Pa vre? Wi mesye.

118 Koulye a, antikris vin nan gran jou, pe a pe. M vle w remake sa. Koulye a, lè w tandè ...

119 Kounye a, pou zanmi Katolik mwen yo, jis chita trankil jis yon minit, e kounye a; epi answuit nou pral wè ki kote Pwotestan yo; kote nou tout ye, ou wè.

120 Remake, premye legliz la, lè legliz Katolik di ke yo te premye a, legliz orijinal la, yo egzakteman te gen rezon. Se te vre. Yo te kòmanse nan Lapannkòt. Se la legliz katolik te kòmanse. Koulye a, M te a yon moman done gen difikilte pou kwè sa, jiskaske m te li listwa, epi M te dekouvri ke se vre. Yo te kòmanse nan Lapannkòt. Men yo te kòmanse devye, epi ou wè ki kote yo rive.

121 Men si Lapannkòt devye ak vitès devyasyon l la kounye a, yo pa pral dwe oblije rive a de mil an. Nan yon santèn ane soti kounye a, yo pral rive pi lwen pase legliz Katolik. Se vre.

122 Men remake, ki jan, kavalye chwal-blanc sa a. Koulye a, nou jis ap mete l nan kontèks li, yon ti kras, jouk nou rive sou So a. Koulye a, remake kavalye chwal-blanc sa a, lè l te soti, li-li fè sèvis li an twa etap. Dyab la, jan m te pwouve w li a anvan yè swa, li nan yon Trinite, menm jan ak Bondye. Men se menm dyab la tout tan, nan twa etap. Remake etap li yo. Nan premye etap la, li vini nan ...

123 Sentepri a tonbe, epi moun yo te gen tout bagay an komen. Epi Lespri Bondye te sou yo. Epi apòt yo te ale de kay an kay, ya p pataje pen ak tou moun . Epi te gen gwo siy ak mèchè yo ki te fèt.

124 Epi — e apre sa, premye bagay ou konnen, Satan te kòmanse fè yon briganday leve.

125 Lè sa a, apre yon ti tan, esklav yo ak pòv sa yo nan peyi a, sa k te resevwa Sentepri a, yo te al nan diferan kote, ap temwaye. Yo temwaye a mèt yo.

126 Epi apre yon ti tan, yo te kòmanse vini, o, tankou kapitèn lame ak — ak diferan moun. Selebrité a te kòmanse wè galantri a, epi bann mirak ak siy ke mesye sa yo te fè, se konsa yo te aksepte Krisyanis la.

127 Ebyen, lè sa a, ou wè, lè li te anbrase Krisyanis la, epi desann anba a la nan yon plas kote yo konn rankontre, nan yon vyek ti sal fè nwa, neglje; ap bat men yo, ap rele, epi ap pale nan lang, ak resevwa mesaj. Poukisa, li pa ta p janm ka mennen sa bay- konpetitè l' yo, oswa kèlkeswa sa l' ye, nan biznis li a. "Li pa ta p janm kwè l, konsa." Sètènman pa. kidonk, fòk li te mete nan fason pa l. Konsa, yo kòmanse mete tèt yo ansanm, epi yo kòmanse panse, "Koulye a, nou pral fòme yon bagay yon ti kras diferan."

128 Epi Jesi, imediatman, nan premye laj legliz la, Li te di yo. Nan 2èm chapit Apokalyps la, "M gen yon ti bagay kont ou, akòz de zèv Nikolayit sa yo ."

129 Niko, "konkeri" layik la. Nan lòt mo, yo vle fè, olye pou tout moun fè yon sèl, yo vle fè yon asosyasyon sen. Yo te vle fè kèk jan de yon ... Yo te vle modle l sou paganism, ki se kote yo te soti, epi yo finalman te fè l.

130 Kounye a fè atansyon. Premyèman, " Nikolayit." Nikolayit la te rele, nan Bib la, "antekris," paske li te kont Doktrin orijinal Kris la ak apòt yo.

131 M pa vle site non mesye sa a. Li se yon grantòm. Men M te nan reyinyon l lan, isit la kèk ane de sa. Epi li te konnen m te la, ' paske m te bal lanmen. E l te di, "Oh, ou konnen, nou gen bagay sa a jodi a ke yo rele pannkotis la." Epi l te di, "Yo, yo apiye yo sou Liv dè zak la." Epi l te di, "Ou wè, Ak yo te sèlman yon travay echafodaj pou Legliz la."

132 Èske w ta imajine, yon nonm ki te etidye Bib la, yon pèsonaj vanyan, epi ki te etidye Bib la jan zanmi an te fè l la, epi apre pou fè yon remak konsa? Li te sonnen, li pa ... Li-li pa menm sonnen tankou Sentespri a. Bon, li pa ta dwe, okenn kote.

133 Paske, nenpòt moun ki gen konpreyansyon komen ta konnen ke Akt Apot yo pa t zak apot yo. Se te zak Sentespri a nan apot yo. Èske w pa konn ki jan nou modele l nan laj legliz la? Bèt yo chita la a, ap siveye lach sa a. Matye, Mak, Lik, ak Jan, kanpe la a, ap siveye sa. Epi sa k te pase ladann, kòm rezilta de ekriti Matye, Mak, Lik, ak Jan.

134 Se pou sa pyebwa a te pouse ... premye branch li a, e se sa k te pase. E si pye bwa sa a janm pouse yon lòt branch, yo pral ekri yon lòt liv zak dèyè l. Paske, ou wè, menm vi a te dwe nan menm bagay la.

135 Kifè, kounye a, jodi a, lè n gade legliz denominasyonèl nou yo, Methodist, Batis, Presbityen, Lutheran, Legliz Kris la (swadizan), e pentkotist ak bagay sa yo, ki kote n jwenn sa? Ou pa jwenn li.

136 M pral admèt ke pentkotist yo gen bagay ki pi pre l la, ki egziste, paske yo anwo isit la nan laj Legliz Lawodise a. Yo te gen Verite epi te rejte l. Yo te vin tyèd avè l, epi Bondye te vomi yo de bouch li. Sa se egzakteman dapre Ekriti yo.

137 Ou pa ka fè ekri yo manti. Ou wè? Yo pral, toujou laverite. Pa eseye pou ... yon sèl bagay, pa eseye aliyen panse w a ... oswa Ekriti yo ak panse w. Men, re- ... aliyen tèt ou ak Ekriti yo. Se lè sa a, w ap avanse ak Bondye. Pe enpòt konbyen ou dwe koupe oswa, mete de kote, aliye w ak Sa. Ou wè?

138 Gade kisa li te fè premye fwa l te tonbe. Ebyen, si Bondye te aji konsa pou premye fwa, li gen pou l aji konsa dezyèm fwa. Li ta gen pou aji menm jan sa a chak fwa, oswa Li te aji mal premye fwa a. Ou wè, noumenm kòm mòtèl, nou ka fè erè. Pa Bondye.

139 Premye desizyon Bondye a pafè. E fason l te chwazi fè bagay yo, pa ka gen okenn lòt, pi meyè fason. Li pa ka amelyore l, paske li pafè, pou kòmanse. Si se pa sa, li pa enfini. Men, si Li enfini, alòs, Li omnisyan. E si l omnisyan, Li omnipotan. Amèn! Li te fèt pou l konsa, pou l Bondye. Ou wè? Kidonk, ou-ou pa ka di, kounye a, "Li te aprann plis." Li pa t 'aprann plis, Li se - Li se sous tout sajès menm . Ou wè?

140 Sajès nou isit la vinn de Satan. Nou te eritye l de jaden Dedenn lan, kote nou te twoke lafwa pou sajès. Èv te fè l.

141 Koulye a, yo te rele l anpremye antikris. Dezyèm etap la, yo te rele l fo pwofèt, paske lespri sa a nan mitan pèp la vin enkané.

142 Ou sonje, kavalye chwal- blan an kounye a li pa t gen okenn kouwòn lè l te kòmanse, men apre sa, li ta ... yo te ba l yon kouwòn. Poukisa? Li te Lespri Nikolayit, pou kòmanse; e apre, li vin enkané nan yon nonm; epi l, yo te resevwa yon twon e yo te kouwone l. Answuit li te sèvi sa pandan lontan, menm jan nou pral wè alòs ke ... So yo ap louveri.

143 Epi ansuit de sa, nou jwenn ke, apre anpil tan sa a, Satan te chase nan syèl la. Epi l desann, selon ekriti yo, epi li entwonize tèt li. Jis panse, entronize tèt li nan nonm sa a, epi l vin yon bèt. E l te gen pouvwa, pouvwa siprèm, tankou sa l te fè, tout mirak yo ak tout bagay, ki se-ki se, oswa asasinay yo ak batay san koule ak tout bagay ki-ke Wòm te kab pwodwi. Dakò. Li te touye pa atrosite, pinisyon Women an. Jis, oh, kouman nou ta ka plonje nan kèk Ekriti sa yo isit la!

144 Sonje, Jezikri te mouri dapre santans Wòm, pa pèn kapital.

145 Mesaj mwen gen sou kè m, pou m preche isit la pwochen reyinyon an, Vandredi Sen an apremidi, baze sou twa, kat bagay, ou wè. "La yo krisifye Li." "La," kote ki pi sen, ki pi relijye

nan mond lan se te Jerizalèm. “Yo,” moun ki pi sen (sipozeman) nan mon lan, Jwif yo. “La yo *krisifye*,” pinisyon ki pi kriyèl ke Wòm te ka pwononse. “Krisifye *Li*.” Kisa? Moun ki pi gran ki te janm viv. “La Yo krisifye *Li*.” O, la la!

146 Ke Bondye ede m byen prezante L pami gwoup òm dafè sa yo, jiskaske yo wè ki kote yo ye. Oke. Bon, pa pou m diferan, pa pa mechanste; men pou sekwe Sa, jiskaske frè sa yo ka wè diyitè pa yo ak sen pè sa yo, ak bagay y ap ekri nan jounal Òm Dafè sa, pa fè sans. Kreyen pa sipoze rele kèlkeswa moun lan “Pè.” Yo te kòmanse lontan, m te eseye ede yo tout jan m te kapab (Ou wè kounye a ki kote bann sa prale.), kifè, mwen nan ka, se sèten mwen pa gen anyen lòt pou m wè ak sa. Oke. Dabò, sonje Kris.

147 Dabò, tankou Nik-...Nikolayit, e kisa aj Nikolayit la t ap mande? Li te vle elwaye l de bann moun sa yo k ap rele fò ak bat men yo, e ki pat sanble ak anyen ditou; jan yo te fè jou Pannkot la, ap aji tankou moun ki sou, ap kilbite an Espri, ak bagay konsa. Yo pat vle okenn nan bagay sa. Yo te di ke yo te sou. E kan gwo vedèt yo...Tande! Pa manke sa. Sa ka sonnen pawòl moun fou pou ou, men se Laverite. Kan di--diyitè yo te kòmanse vini, yo pat ka sipòte sa.

148 Sa ki rann Bondye gran, se paske Li ase gran pou L

desann Li. Se sa ki rann Li gran. Pa gen anyen ki pi gran. E Li te desann pi ba ke ankenn moun te ka desann, ke ankenn èt imen te janm desann. Li te Wa Syèl la, e Li t al nan--nan vil ki pi ba sou tè a, Jeriko. Li te si tèlman desann ba ke menm nonm ki pi kout nan vil la te dwe gade L pa anwo, pou l te wè L. Èske se vre? Zache. Se vre. Yo te ba L pi move non ke yon èt imen te ka rele, “sòsyè, demon, Bèlzeboul.” Se sa mond lan te panse de Li. Li te mouri de mò ki pi kriyèl. Li pat gen yon kote pou repoze tèt Li. Yo te chase L, chak òganizasyon yo.

149 Men kan Bondye te egzalte L, tèlman wo ke Li te dwe gade anba pou wè Syèl la. Ou wè kouman, Bondye, nan imilite. Ou wè? E Li ba L yon Non tèlman ekstraòdinè ke tout fanmi nan Syèl la pote Non L, e tout fanmi sou--sou tè a. Tout fanmi sou tè a pote non “Jezi.” Tout fanmi nan Syèl la pote non “Jezi.” E se yon Non si ekstraòdinè, ke, chak jenou va flechi, e chak lang va konfese L, kòm Seyè a; swa isiba ou nan lanfè. Lanfè va koube devan l. Tout lòt bagay va koube devan l. Ou wè? Men dabò se te imilite, answit se te grandè. Ou wè? Kite Bondye egzalte w. “Sila ki imilye tèt li a, Bondye va egzalte.” Ou wè?

150 Bon, nou remake espri *niko* sa a te vle sajès, vin pi entèlijan. Li dwe rezone avè l, jan l te ye an Edenn lan, rezonman kont Pawòl Bondye a, pa sajès, e legliz te tonbe pou sa. Kisa sa te ye?

151 Kounye a, ann di, n ap pran legliz sa la, e ann pran yon pakèt moun tankou nou, si w pat vrèman ranpli ak Lespri. E annou pran, dizon...Bon, m pa gen anyen kont majistra vil nou an.

M pa kwè m konnen I, Mesye Bottorff. Èske I toujou majistra? Mesye...M pa...Ou wè? M pa...Mesye Bottorff se yon bon zanmi pou mwen, ou wè. Men, dizon, majistra vil la, ak tout fòs polis la, e--e tout sherif yo, e yo--yo t ap frekante isit la. Premye bagay ou t ap konnen, si yo ta jis gen yon ti kichòy nan tèt yo, yo t ap kòmanse pale ak konsèy la ak moun bò isit yo, pou di: “Bon nou konn on bagay? Sa dwe diferan.” Si w pa ranpli ak Lespri, epitou jwenn yon vrè òm ranpli ak Lespri dèyè chè a, premye bagay ou konnen, ou t ap panche pou yo. Petèt pa jenerasyon sa; petèt pwochen jenerasyon an.

152 E se konsa sa te kòmanse. Ou wè? Poukisa? Yo t ap di, “Gade la. Sa rezonab.” E oumenm, ou t ap tande yo.

153 Dizon yon nonm ta vin isi a, pou I ta di, “Legliz sa twò piti. Annou bati yon gwo legliz. M ap bati youn pou nou anwo la, se...li va koute tan lajan, yon demi milyon dola. Li va sitiye la. Mwen pral mete bagay la sou radyo.” Kan yo ta fin fè sa, apre sa yo t ap gen yon rach pou frape di; nèt fwa sou dis, ou konnen, youn nan jan de bagay sa yo. Premye bagay ou aprann, apre sa, si I te fè sa, li t ap mennen bagay yo pou pwòp benefis li. “Ou pakab di anyen, paske Frè John Doe laba, se li ki finanse legliz sa.” Ou wè? E apre sa ou vin gen yon ti Riki ki sot nan seminè, ki konn apèn sou Bondye menm jan ak yon Abitan konnen sou pyès klasik Nwit an Ejip la, e li va vin la pou I ap panche sou nèg sa, poutèt li te achte machin nèt pou li tout tan, pou kite I ap sikile patou, epitou li achte pou li *sesi, sela*, ak se *lòt bò*.

154 Bon, se egzakteman jan sa te kòmanse. Oke. Remake, sajès ak vin pi entèlijan! Yo te di, “Kounye gade la, èske sa pa jis sansib? Bon, an...fanm nou--nou yo, ki diferans sa fè jan yo fikse cheve yo?” Men Bib la di ke sa fè yon diferans. Jis pran sèl bagay sa, a kote santèn lòt yo. Ou wè? Sa fè yon diferans. Bondye te di ke sa fè yon diferans, kifè se yon diferans.

155 Men, ou wè, si yo te kòmanse sa, epi konsèy administrasyon, ak dyak yo epi tout bagay, premye bagay ou aprann, pastè a ladann oswa li retire kò I. Se tou. Ou wè, se moun yo ki te vote pou sa. Dakò.

156 Remake kounye a, espri sa te kòmanse ap aji, e legliz la se sa, sa, ki gen tèl nonb diyitè ladan I, tèl kantite gwo bagay, e tèl kantite lajan ki te kòmanse I, jouk apre yon ti tan yo t ap tande sa e yo te tonbe pou li, riz dyab la.

157 E se sa menm ke Èv te fè nan jaden Edenn lan. Bon, ou te tande sa. Dakò. Gade, fanm natirèl la, epouz Adan, anvan li te abòde I kòm madanm, li te tonbe nan pyèj Satan kont Pawòl Bondye a, ap rezone L. Anvan Adan te viv avèk Èv kòm madanm, Satan te pran devan I. Se vre. Nou te tande *Ab Epouz La*, ke m te preche sou li a. Sa pale de sa, ou wè. Dakò. Kounye a remake, la, Èv te tonbe pou rezonman. Kounye a limenm, Satan, te eseye rezone L.

Li te reponn, "Men Seyè a te di..."

158 Li te di, "O, ou konnen, men siman Seyè a pap fè sa. Ou wè? Ou menm, ou vle vin saj. Ou vle aprann yon bagay. Enben, ou pa anyen ke yon timoun sòt. Ou wè? Ou dwe aprann yon bagay." Si sa se pat Satan! O la la!

159 Si sa se pa kèk nan bagay, modèn, sa yo, ou wè, "O, yo se jis yon bann sen ki eksite. Pa ba yo okenn enpòtans, ou wè. Pa ale...Ou wè?"

160 Bon, premye epouz natirèl la nan ras imen an, anvan mari l te vin bò kote l, li te chite kite lagras, poutèt li t ap tandè manti Satan, apre Bondye te fin fòtifye l dèyè Pawòl Li. Si l te rete dèyè Pawòl la, li patap janm tonbe. Bon, remake, sa se lan natirèl, fanm natirèl la.

161 E kisa malediksyon an te ye, vrè malediksyon lè w soti dèyè Pawòl Bondye a?

162 Kounye a sonje, li te kwè katreven dizuit pousan ladan L. Men li sifi ke ou jis kite yon Bagay ale. Ou konprann? Li te kwè tout on pati ladan L. O, se sèten. Li te di, e Satan te admèt Se te vre. Si l ka jis sène w nan yon kwen, se tout sa l vle. Ou wè? Sèl bagay ou dwe fè se kite bal la devye yon tikras *jan sa*, e li va manke sib la. Ou konprann? Se tou. Bon, li te kwè yon bòn pati ladan L, men malgretou li te manke l.

163 Bon, e--e rezilta a, poutèt li te kite Pawòl la, pou yon ti rezonman toupiti.

164 Ebyen, kounye a ou va di, "Sa k rive a fanm yo?" oubyen, "Poukisa w vle pale apwopo de yon bagay konsa?" Oswa nenpòt nan ti bagay sa yo. "Kisa diferans lan ye, menm si se prèv depi kòmansman an?" Sa gen rapò avè L! Ou gen...

165 Sa dwe korije. Nou te pretann Sa, atravè tout sèt aj legliz yo, prèske. Men lè a rive kote Bondye deklare L. E Li pa sèlman deklare L, Li demontre L tou, epi konfime L, epi pwouve L. Se vre. Si Li pa fè l, alò se pa Bondye, se tou. Bondye kanpe dèyè Pawòl Li.

166 Remake kounye a. Bon, fanm natirèl la te koze lanmò natirèl, poutèt li te tandè rezonman, pou te rann li saj, pou te rann li saj olye pou l te rete dèyè Pawòl la epi fè sa Bondye te di l. Li te vle sajès, epi vin saj. Li te tandè rezonman, e--e li te pèdi tout ras imen an. Ou wè?

167 Bon, fwa sa, fanm esprityèl la, Epouz Kris la ki te kòmanse jou Pannkot la, avèk ansyen Legliz apostolik la, te pèdi menm bagay la nan Konsil Nise. Lee, ou konnen ke se vre. E nan-nan Konsil Nise a, lè li te boukante dwadenès esprityèl li, pou l te pran gwo legliz Konstanten yo ak bagay li te ofri yo la, e li te vann dwadenès esprityèl li pou on bann dògm Women. Bon, sa di pou Katolik yo. Men Pwotestan yo te fè menm bagay la, ki reprezante, nan Bib la la, antan ke pitit fi "fanm movèz vi a, pwostitiye a." Se egzakteman vre, yo chak! Pa gen ekskiz.

168 Men te toujou gen yon ti rès ki te soti la, pandan tout tan an, ki pral fòme Lepouz.

169 Remake, li te pèdi dwadenès li, ou wè, anvan mari l te touche l. Ou wè? Anvan nòs la, li te pèdi vèti li.

170 E kounye a nou sonje laba a, li te di, “Mwen chita kòm rèn. Mwen pa bezwen anyen,” nan Aj Lawodise sa la. “Mwen rich e m te ranmase anpil byen, elatriye. E, o, lemond antye ap gade m. Mwen se gwo legliz, sen an, elatriye. Nou *konsa*,” aj la okonplè.

171 E Li te di, “Ou pa konnen ke ou toutouni, avèg, nan mizè, ou fè pitye, pòv, e ou pa konn sa.” Se sa kondisyon an ye. Bon, si Sentespri a te di ke kondisyon an t ap fason sa nan dènye jou yo, se sa li ye! Pa gen okenn fason ou ka eskive l. Se fason sa li ye.

172 Obsève kounye a. Bon, lè li te vann dwadenès li laba a, dwa vèti li, parapò a Pawòl la, kisa l te fè? Lè Èv te fè sa, li te pèdi kreyasyon an; tout kreyasyon an te chite anba li.

173 Bon remake, lè legliz te fè sa, te aksepte dògm olye de Espri ak Pawòl la, sa te modi tout sistèm lan. Tout sistèm denominasyon ki te janm egziste, oswa ki pral egziste, te modi avè l, epi tonbe, paske pa gen lòt fason.

174 Kan w gen yon bann moun ansanm, pou ap eseye konprann tout bagay, youn pral nan direksyon sa a, e lòt la pral nan lòt direksyon sa, e yon lòt menm nan direksyon *sila*. E yo mete bagay yo ansanm pou brase l, epi, lè sa fini, se konsa ou jwenn li.

175 Se egzakteman sa yo te fè nan Konsil Nise. Se egzakteman sa yo te fè pami Metodis, Prezbiteryen, Legliz de Kris, ak lòt rès yo. E pa gen moun, kèlkeswa sa Bondye revele l la, ou oblije anseye l fason repitasyon yo, fason kredo--kredo yo di l, ou sinon y ap mete w deyò. Bon, piga w vin di m anyen. M te la tou, ou wè, e mwen konnen sa.

176 E se jis egzakteman sa ki te rive, kifè tout bagay la modi. Se pa etonan anj lan te di, “Soti nan mitan l, pèp Mwen an, pou w pa pasipe nan kalamite l yo.” Paske, li pral ...Li modi, e li oblije soufri malediksyon kolè Bondye sou li, poutèt li te vann vèti ak dwa li. Ou wè? Men...O. la la!

177 Men, sonje. Pandan nou wè tout kondisyon sa, poutan Bondye te pwomèt, nan Jowèl 2:25, si w vle make l, “Nan dènye jou yo...”

178 Kan Li te di, “Sa gwo krikèt te kite, gwo cheni te manje l; sa gwo cheni te kite, ti krikèt te manje l; sa ti krikèt te manje...” Jis kontinye ap desann, ensèk apre ensèk, te vini epi manje Legliz sa jiskask finalman Sa pat anyen ke yon chouk bwa. Obsève! Sa Women yo te kite,

Literyen yo te manje I; sa Literyen yo te kite, Metodis yo te manje I; e sa Metodis yo te kite, Pannkotis yo te manje I; ou wè, jiskaske li te tonbe atè tankou yon chouk bwa.

179 E ou konn on bagay? Ou pran vètè sa yo anndan la, ti krikèt ak gwo krikèt, elatriye, epi ou swiv yo ap desann atravè liv la---la, pou w dekouvri yo. Se menm vètè a jis nan diferan etap.

180 Retni pwen w lan. Se menm bagay la avèk So yo! Se menm vètè yo. Ou pral wè I lè nou va prezante I, kifè m tou di w li kounye a. Se menm vètè a, tout tan. Kat nan vètè sa yo; kat la. E men yo, yo se menm bagay la. Se menm espri a. Sa youn kite, lòt la manje I; e sa sila kite, lòt la manje I; konsa, jouk yo rann li tankou yon chouk bwa.

181 Men Jowèl di, “M va restore, Seyè a di, tout ane gwo cheni an te manje a.”

182 Kisa sa ye? Kijan Li pral fè sa; si sa te kòmanse, antikris la, poutèt li te kont ansèyman Kris la, ki te aksepte dògm olye de Pawòl la? Eitou atravè ane yo refòmasyon yo te plonje ladan I, jan Bib la di a.

183 “Men nan dènye jou a, nan moman son...” Apokalips 10:1-7, Li di, “Mistè Bondye yo dwe fini nan dènye jou yo, nan moman setyèm anj lan ap sonnen an.” Malachi 4 di ke Li va “Voye Eli anvan jou movè a rive sou tè a, lè Li va boule I tankou yon founèz. E li va restore, epi mennen tounen timoun yo--yo a Fwa papa yo,” Fwa Pannkotis orijinal, apostolik la, te pwomèt pou yo te restore L. Bon, sa se jis pi klè posib ke Lèzekriti ka di I. Kounye a yo te pwomèt sa. E si nou lan dènye jou yo la; yon bagay dwe rive. Ou wè? E sa ap rive la, e n ap gade I la.

184 Remake trinite Satan an. Menm moun lan k ap vini; li jis enkanse, de youn ak lòt. Se fason sa ensèk sa yo te fè, vètè sa yo, de youn ak lòt, egzakteman. Nikolayit, “antikris espiyèl.” Pap, “fo pwofèt.” “La bèt,” le dyab limenm, enkanse. Li paka fè sa...

185 Bon, gade sa nan panse w kounye a, kan w ap swiv sa a. Ou pral wè kavalye sa yo k ap tonbe dakò drèt ak sa. Ou wè, m ap bwose yon tablo la. Si m te ka mete I sou tablo, ou t ap kapab konprann li pi byen. Ou wè, m ap obsève I.

186 Bon, dabò. Ou sonje sa. Premye bagay li ye, li se youn “espri antikris.” Jan di sa. “Timoun mwen yo, espri antikris la ap travay deja nan timoun k ap dezobeyi yo.” Ou wè, bagay sa te deja kòmanse. E alò li te vin on jan de “dizon,” nan pwochen aj legliz la. E nan aj legliz apre a, li te “on doktrin.” E pwochen aj la, yo te “kouwone” I. Bon èske sa pa jis klè menm jan w te ka ap li I nenpòt kote w te kapab? Ou wè? Ou wè, la li te vini.

187 Bon, dabò, yo te rele I (kisa?) “espri antikris,” poutèt li te kont Pawòl la. Se sa ki te kòmanse I. Se egzakteman sa ki te fè tout bagay la, se te vire do tounen bay Pawòl Bondye

a. Pa paske Èv petèt te kale Kayen yon jou. Ou wè? Se pat sa ki te fè l. Premye sa k te fè tout bagay la sè ke li te vire do tounen bay Pawòl la. Li te kite Pawòl la. E tou dabò, li te kòmanse pwostitisyon nan legliz Bondye vivan an, Epouz Kris la, li te kite Pawòl la pou aksepte dògm Women nan plas Pawòl Bondye a. Kisa k te rive chak òganizasyon? Sa te fè menm bagay la.

188 Bon, men sa te pwomèt ke nan dènye jou yo Li ta pral fè yon jan pou restore l ankò. Pawòl Seyè a ta pral tonbe sou tè a, jan L te fè l o kòmansman an, e, o, Li va restore ankò (kisa?) sa ki te kòmanse l la. “Kont Pawòl la.” E kisa zanmi sa sipoze fè lè l vini, wenn avèk Lespri Bondye? Li jis “mennen Fwa timoun yo tounen jwenn papa yo.” Se konsa Li restore a. E ou vin jwenn menm Pawòl sa, menm kote Li ye *Isit La*, Sa pral fè menm bagay la.

189 Jezi di, “Si yon nonm se pa M! E sila ki kwè nan Mwen an, zèv Mwen fè yo li va fè yo tou.” E lè yo te mande l pou fè kèk bagay, Li te di, “Mwen jis fè sa Papa a montre M. Mwen pa fè anyen jiskaske M wè l, dabò. Sa M wè Papa a ap fè, se sa M fè tou. Papa ap aji, alò Mwen tou m ap aji.” Ou wè? Èske w pa wè l? Ebyen, se jis tankou li jounal. Ou wè?

Bon, kounye a, dabò, apre sa, li vin yon “antikris.”

190 Kounye a, li patap ka antikris sèlman an espri. Kifè, li vin antikris, e espri sa chwazi yon nonm ki te anseye menm bagay ak espri antikris sa, e apre sa li te vin yon “fo pwofèt,” pou espri antikris la. Bon sa k pase a moun ki nan òganizasyon an? Dekouvri l oumenm. Mwen pa konn sa w panse de sa. Dakò.

191 Bon, finalman, li vin “yon bèt.” Kounye a ret tann, e nou va antre nan sa apre yon ti tan, ou wè. Dakò.

192 Bon, kòm trinite Satan ekspoze konsa; se Satan, tout tan. Satan, “espri antikris.” Espri antikris, enkan, “fo pwofèt.” Apre sa, li vin “la bèt.” Ou wè? Kan...Pa on demon, sa se te nan antikris sa; men kan Satan limenm yo te mete l deyò, li te desann pou pran plas li kote demon an te ye a. Le dyab, alò, le dyab apre sa enkan nan yon nonm. Sa jis ap repete tèt li.

193 Se sa Jida Iskaryòt te ye. E kisa l te fè? Èske l te youn nan zanmi ki te kont Kris yo? Enben, li te trezorye a, te mache avè l. Sèten. Li te konn mache avè yo. Li te soti al chase demon, e l te konn fè jis egzakteman sa yo te fè.

194 E Kris se te Bondye enkan; Bondye, enkan nan lachè, Emanyèl. E Jida se te fis de la pèdisyon. E Jezi te Fis de Dye. Bondye enkan; le dyab enkan.

195 Gen moun ki te wè sèlman twa kwa nan moman sa. Te gen pito kat. Te gen twa nan Gòlgota, ke nou te wè. Te gen Jezi nan mitan, yon vòlè agoch Li, e yon vòlè adwat Li.

196 E obsève. Yon vòlè te di lòt la, ou pito li te di Jezi, “Si...” Bon, ou konnen Li se Pawòl la. Men, “Si w se Pawòl la, pouki w pa sove tèt ou? Pouki w pa fè kichòy konsènan sa?

197 Se menm bagay la jodi a. Èske w pat tande vye demon sa yo ki te vini, pou di, “Si w kwè nan gerizon Divin, men zye yon moun, èske w vle louvri zye l yo?” “Frape m avèk avègleman! Frappe m avèk avègleman!” Menm vye demon an. Ou wè? “Desann sou kwa a, nou va kwè w.” “Si w se Fis de Dye a, fè wòch sa yo tounen pen.” Menm demon an.

198 Ou jis mache al fè wout ou, ou wè. Non. Se fason sa Jezi te fè l. Li pat janm fè makak pou okenn ladan yo.

199 Yo te mete on vye moso twal sou men L...sou zye presye L yo, konsa. E yo te pran yon bout bwa, pou frappe sou tèt Li. Yo te di, “Di nou! Si w se yon pwofèt, kounye a di nou kilès ki te frappe w.” Yo te chanje bout bwa a, pase l youn bay lòt. “Kounye a di nou kilès ki te frappe w, e nou va kwè w se yon pwofèt.” Li pat janm louvri bouch Li. Li te annik chita la. Ou wè? Li pat fè makak. Li jis fè sa Papa a di, ou wè. Ou wè? Ann kite yo avanse. Tan yo rive. Pa enkyete w. Wi, mesye. Bon, yo te touche wòb Li, yo pat santi okenn vèti.

200 Men yon pòv ti fanm, te g on bezwen, li te annik touche wòb Li. Li te vire tounen pou di, “Kilès ki te touche M?” En-en. Se kisa? Yon touch diferan. Sa depan de jan w touche L, ou wè, ou wè, sa w kwè. Bon, ou konprann?

201 Bon, kòm Satan pral...te enkane tèt li, pase de antikris a fo pwofèt kounye a. E nan tan Jwif yo, li se “antikris,” nan legliz primitiv. Nan aj tenèb yo, li te vin yon “fo pwofèt,” pou mond lan. Gade l la avèk “koup inikite li”? Bon, sa se aj legliz la kounye a.

202 Men nan aj apre kote Legliz la pati Lakay, li vin yon bèt, li vin le dyab enkane, dragon wouj la limenm. O, la la! Èske w paka wè sa m vle di a? Li enkane nan moun li yo apre sa. Li mete moun li yo anba kòd ak pouvwa li. Fo pwofèt la te pwofetize pou yo antre toudwat ladan l. “Yo te anba yon gwo pouvwa sediksyon, pou kwè yon manti epi kondane pa sa.” “Ap nye Pawòl la; ak yon pyete pou lafòm.”

203 Bondye travay, fè plas Li, nan yon trinite tou. Jistifikasyon; sanktifikasyon; epi Li enkane Pwòp Tèt Li nan pèp Li, ak batèm Sentespri a.

204 Menm bagay la, dyab la se jis yon tip, li kopye sou Kris. O, Satan enkane pwòp tèt li...Kounye a obsève. Satan...

205 Kan Jezi enkane l Limenm nan pèp Li, Vi menm ki te nan Kris la li nan moun lan.

206 Kisa sa t ap fè si w ta pran vi ki nan pye rezen an retire l pou mete l nan yon pye sitwouy? Li patap bay sitwouy ankò; li t ap bay rezen. E si w ta pran vi ki nan pye pèch la retire l pou mete l nan yon pye pwar? Èske l t ap bay pwar? Non. Li t ap bay pèch. Vi a di kisa li ye. Ou wè?

207 Lè w di, ou tande moun ap di yo gen Sentespri a, epi yo renye Pawòl sa, gen yon bagay ki fo. Se Sentespri a ki te ekri Pawòl sa.

208 E Jezi te di koze sa, "Si yon nonm gen Espri M nan li, li va fè zèv Mwen yo." Ou vle li sa? Ou vle note l? Se nan Jan 14:12. Ya. Oke. "Sila ki kwè nan Mwen an, zèv Mwen fè yo li va fè yo tou. E menm li va fè plis ke sa, paske Mwen pral jwenn Papa a." Ou wè? Apre sa Li sanktifye l epi Li netwaye l, pou l kapab prezante l devan Bondye. Gout lank sa tonbe la, e sa pèmèt li travèse presipis la. Ou konprann?

209 Bon obsève. Satan, kan li enkanen tèt li nan sa k soumèt anba l yo, yo fè zèv li. Ou paka wè l? kisa l te fè? Li t al dirèk sou fanm inosan sa, pou sedwi l. E se egzakteman sa kèk nan demon sa yo ap fè, ale dirèk yon kote pou di...On ti pastè ki te fèk kòmanse, kèkpa deyò a; antre ap di, "O, si w ta jis mete w ansanm avèk nou!" Aha! Aha! Menm zèv dyab la. Bon, sa se Laverite! E kan Satan enkanen nan legliz li, pou vin yon demon, alò se yo sila yo k ap asasinan epi k ap touye, elatriye. Paske, Satan se youn k ap touye, depi kòmansman; yon mantè e yon...Ou wè? Dakò.

210 Kisa Satan fè kan l ap aji, kan li enkanen l pami pèp la? Se devwa l pou l malen. Li se yon mastèbrenn. Chache nan Bib la, epi montre m ki kote Bondye te janm trete ak moun entèlektyèl. Chache sa, pou wè si se pa toujou entèlektyèl yo ki posede ak demon. Se yon gwo deklarasyon, men se vre. Mwen lanse w defi pran liy--liy desandans, depi Abèl jiska Kayen; epi, katòz jenerasyon sa yo, pakouri yo, pou wè kilès nan yo ki te bò kote sa k entèlijan yo, e kilès nan yo ki te sa ki enb yo. Aha!-aha.

211 Poukisa Jezi pat chwazi moun sa yo? Li te pran pechè pwason epi dèzòm ki pat menm ka siyen pwòp non yo, pou te fè yo dirijan Legliz Li. Se jis. Sajès se--se pa anyen; sa--sa kont Kris. Sajès monden, toujou, kont Kris. Jezi pat janm di nou al bati seminè; Li pat janm fè sa; etabli lekòl Biblik. Li te di, "Preche Pawòl la! Preche Levanjil!" E apre sa si l te di, "Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè," ou wè, ou oblije gen...Nan lòt mo, Li te di, "Al demontre Pwisans Bondye, pou tout nasyon."

212 Bon obsève. Dyòb Satan se pou l pèvèti Pawòl Bondye a, ak sajès rezonman. O, la la! O, Apre sa li make sa k soumèt anba l yo, lè yo rejte Pawòl orijinal la. Kounye a kite sa...

213 Èske w--èske w ap pèmèt mwen jis yon ti tan ankò, pou resevwa sa? Sa a, m pa vle w manke l. Kite m montre w tip la, konsa ou ka wè l konplètman an tip e dapre Pawòl la, ak tout bagay. Ou--ou paka...Ou pata dwe ale ak konfizyon.

214 Nan Ansyen Testaman, lè yo te vann yon nonm pou l vin esklav. Te konn gen yon ane jibile. E kan yon esklav te tandè sa, e li te vle al fè wout li lib, pat gen--pat gen anyen ki te ka anpeche l al fè wout li lib. Li te kapab lage pikwa li atè, pou di, "tout tan sa," epi retounen lakay li. Twonpèt la te sonnen. Se jis.

215 Men si l pat vle ale, e ke li te satisfè ak mèt li, alò yo te mennen l nan--nan--nan tanp lan, e yo te konn pran yon pik pweni... Ou konn sa yon pik pweni ye. E yo te konn fè yon presyon sou zòrèy li, pou fè yon twou.. E sa te fè yon mak, ke li patka janm retounen. Èske se vre? Li te dwe sèvi mèt sa pou tout tan. M pa bezwen konnen konbyen fwa jibile a va sonnen ankò, kèlkeswa sa k va rive a. Li te vann--li te vann absoliman dwadenès li, pou vin lib.

216 E lè yon nonm rejte Verite Levanjil la, Satan make l (ki kote?) nan zòrèy li. Li rann li soud pou l paka tandè Verite a ankò, e se te fini pou li. Li rete ak gwoup li ladan l lan, si l pa pral tandè Verite a. Non.

217 "Ou va konnen Laverite, e Laverite va rann ou lib." Ou wè, Laverite rann lib.

218 Bondye make sa k pou Li yo lè yo vini. Bondye make sa k pou Li yo ak konfimasyon Pawòl Li te pwomèt la atravè yo. Se sa egzakteman, Sen Jan 14:12. Epitou yon lòt bagay, ou ka note, Mak 16. Jezi te di, "Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè."

219 Kounye a ann jis pran sa, yon minit. Èske L t ap bay blag? /Kongregasyon an di, "Non."-- Editè a/ Èske L te jis vle di...Èske L te jis vle di apot yo, tankou kèk moun ta vle fè nou konprann lan? /"Non."/

220 Obsève. Li kontèks la. "Ale nan..." Ki kote? /Kongregasyon an di, "Patou nan mond lan."- Editè a

"Patou nan mond lan." "Preche...Levanjil sa pou..." Kilès? /"Tout kreyati."/ "Tout kreyati." Sa poko menm atenn yon tyè ankò. "Siy sa yo va swiv nan tout mond lan, pou tout kreyati, kèlkeswa kote Levanjil sa va preche. Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè," pa jis pou yon ti ponyen.

221 Tankou yon zanmi t ap di m yon fwa, "Bondye te bay don gerizon sèlman pou douz apot yo. E..." O! Lè sa, anpil nan frè yo te chita la lè l te leve pou di sa, ou wè. Li te gen ase de sa, nan kèk minit.

222 Kifè remake kounye a, "Tout mond lan, pou tout kreyati, siy sa yo va swiv."

223 Piga w pran mak enkredilite Satan an. Bon, li va mete l sou ou aswè a, si l kapab fè l. Li va kwense w nan mi an, e ou va soti ap di, “M pa konnen apwopo bagay sa.”

224 Rantre lakay ou e etidye L, epi apre sa rete sinsè, priye. Paske, tout bagay yo twò--twò pafè dapre Lèzekriti nan moman sa menm, nan moman tan sakre sa. Sa te pran dè zane, sa te fè prèv li, pou l te abouti drèt nan sa. E sa se moman an. Sa se lè a.

225 E kounye pa kite l ap pouse sa nan zòrèy ou, mak enkredilite li a. Ou wè? Paske, li te yon enkwayan, pou kòmanse. Li te doute L. Dakò. O, pa menm kite...Pa kite l pran Lèzekriti, avèk sajès li, pou--pou tòdye L e pèvèti L ak pwòp sajès li, nan pwisans rezonman. Ou jis rete enb, ap di, “Bondye di li, e se tout sa k konte.” Bon, o, ann...

226 Nou pral an reta, kifè nou ta fè mye stope jis la pou--pou rekòmanse ankò.

227 Bon ann ale nan Dezyèm So a. Kan Ayo sakrifye, resisite a te louvri sa, e ke dezyèm Èt vivan ki sanble ak yon ti bèf la, di, “Vin wè, sa mistè So a ye.” Ou wè? Bon nou genyen l kounye a. Ayo a, sonje, dwe louvri chak So. E dezyèm Èt...

228 Si w te remake sa, nan repetisyon sa nou jis sot wè, ak aj legliz yo, menm bagay la. Dezyèm...Dabò se te yon lyon; pwochen an se te yon--se te yon...li te tankou yon ti bèf, ou pito yon towò bèf, ou yon bagay konsa, ou wè.

229 E Èt vivan sa te di, “Vini, wè.” kounye a, kan Ayo a te louvri So a! E, alò, li te al wè. E kan l te avanse, kisa k te rive? Ann wè sa l te jwenn kounye a. “Vini, wè.” Men yon mistè sele anwo a la, ki te isit la depi de mil an, apeprè. Ann wè kisa sa ye.

230 Kounye a nou jwenn isi a ke l te wè (kisa?) on chwal wouj ki avanse. Kounye a, selon jan m konprann sa, selon jan m konprann, gran nepe sa a ke l te gen nan men l...Kounye a nou gen apeprè twa bagay pou n gade kounye a, pou apeprè pwochen kenz, ven minit yo. Ann jis li epi wè sa l di isi a. “E te soti la a...” Vèsè 4 la.

...yon lòt chwal koulè wouj soti, (premye an te blan). Moun ki te moute l' la resevwa pouvwa pou l' retire lapè toupatou sou latè,...pou lèzòm ka yonn touye lòt. Yo ba l' yon gwo nepe.

231 Kounye a gen senbòl isi a, e nou vle gade yo depre. Men, selon sa m konprann, sa m pi byen konnen kounye a, nou wè, Jezi te predi menm bagay la nan Matye 24. Ou wè? Li te di: “Kounye a nou pral tandè pale de lagè ak bri lagè, ak jis lagè ak bri lagè, ak lagè. E, men,” te di: “tout sa yo poko la. Ou wè, tan an poko rive.” Ou wè, yo te poze Jezi twa kesyon. Ou wè? Epi l te reponn yo nan twa kesyon.

232 Men kote anpil frè nou yo te bwouye, ap eseye plase... Frè Advantis yo, sou sa yo, setyèm jou e latriye, la a, lan... "Malè a sila ki fè pitit, ki bay tete, epi pòtay yo pral fenmen nan jou saba an," ak bagay kon sa. O la la! Sa pa menm gen rapò a kesyon an ditou, ou wè, ditou menm. Ou wè?

233 Li t ap reponn sa yo te mande, men Li pat-Li pat-pat aplike tout pou dènye jou yo. Li te di: "Nou pral tandè..." Kounye a n ap konsantre sou grenn bagay sa a isi a. N ap vini sou kèk lòt ladan l, nan kèk nwit. Gade. Li te di: "N ap tandè pale de lagè, ak bri lagè, e latriye. Apresa tout sa a pa...Ou wè, apresa yo pral-yo pral tounen ankò, apresa yo pral livre nou, e latriye kon sa. Epi tout, tout sa poko sa."

234 Men lè L rive nan moman lè L ta pral pale yo sou sa yo te mande L la: "fen mond lan."

235 "Kilè tout bagay sa yo pral fèt, kilè pap rete yon sèl wòch? Kisa k pral siy lan ? E kilè fen mond lan pral vini?" Ou wè, yo te mande L twa bagay.

Apresa lè L te rive nan: "Fen mond lan?"

236 Li te di: "Lè nou wè pye fig lan ap pouse boujon li, kounye a nou konnen ke tan an nan pòt lan. E an verite M di nou, ke, jenerasyon sa a pap pase jouk tout akonpli." Ala enfidèl la, san entèpretasyon an, renmen lonje sou sa! Ou wè? Li te di: "Jenerasyon sa a," pa jenerasyon Li t ap pale avè l la: "jenerasyon ki te wè pye fig lan k ap pouse boujon li."

237 Kounye a m jis vle mande nou on bagay. Jis-jis gade yon bagay isi a menm an fas. Izrayèl kounye a, pou premye fwa depi demil senksan zan, s on nasyon. Drapo ki pi ansyen nan mond lan ap flote sou tèt Jerizalèm aswè an. Izrayèl nan patri l.

238 Te g on frè isi a yon fwa ki te vle vin on misyonè, te santi pou la l nan misyon kot Jwif yo. M te di: "Ou ta ka pran youn tanzantan." O, moun yo panse, tout nasyon an! Non, mesye.

239 Izrayèl konvèti kòm yon nasyon, pa tankou yon moun. "Yon nasyon pral fèt nan yon jou." Se Izrayèl. "Tout Izrayèl sove." Jis sonje sa. Pòl te di sa: "Tout Izrayèl sove." Kounye a remake: "Tout Izrayèl." Se egzakteman vre.

240 Kounye a remake sa. "Men," Li te di: "lè nou wè pye fig lan, ak tout lòt pyebwa yo, ap pouse boujon yo." Kounye a gade. Pat janm g on tan, depi demil senksan zan, ke Izrayèl te janm vin nan patri l. Nou gen ti fim lan, de *Twa Minit Anvan Minwi*, nou konnen. Men li se, on nasyon, zetwal sis branch David lan, k ap flote, ak tout bagay sa yo.

241 Èske te janm g on tan ke denominasyon yo te gen revèy tankou yo te genyen nan kèk dènye ane yo? Kounye a jis etidye l. Nou lakay.

242 Kilè denominasyon yo te janm fleri anba ministè yon nonm, tankou sa te ye nan pa Billy Graham lan; Metodis, Batis, e latrize? Kilè te janm g on nonm, fouye nan istwa nou, ki te janm valse al nan legliz fòmèl la, pa yon non ki fini ak h-a-m, anvan? Jis mande nou. A-b-e...

243 A-b-r-a-h-a-m. Kounye a gade, non Abraham gen sèt lèt, A-b-r-a-h-a-m.

244 Men Frè Billy Graham nou an, gen G-r-a-h-a-m, sis, pa sèt. Mond lan, se pou la a l ap preche, legliz natirèl.

245 Legliz natirèl, se te Lòt, nan Sodòm. E lè kanmarad sa a te desann la a epi te preche, epi te rann yo avèk pa Levanjil la.

246 Men te gen Youn Ki te rete ak Abraham, e Abraham te rele L: "Elohim, Seyè." Kounye a lè Abraham te wè twa k ap vini, li te di: "Seyè mwen."

247 Lè Lòt te wè de k ap vini, li te di: "Seyè m yo." Men diferans nou an. Ou wè zèv trinitè nou an? Ou wè?

248 Jezi te di: "Menm jan sa te ye nan jou Lòt yo." Nou wè sa? Remake. Konte l.

249 Kounye a, te gen Youn ki vin jwenn Legliz espirityèl la, Epouz la, Abraham, ki pat nan-nan Sodòm, pou kòmanse. E gade sa L te fè. Li pat janm preche pyès tankou yo te fè. Li te anseye yo, men apresya yo te fè siy sa devan yo. Li te fè siy Mesi an. Li te vire do L bay tant lan, epi Li te di: "Abraham." Kounye a sonje, non pa l, kèk jou anvan sa, se te Abram. Men L di: "Abraham, kote madanm ou, S-a-r-a-h?" Kèk jou anvan sa, li te rele S-a-r-r-a.

Abraham te di: "Li nan tant lan, deyè W."

250 E L te di: "Abraham, Mwen..." Men pwonon pèsonèl nou ankò. "Mwen pral vizite w selon pwomès ke M te fè w." Nou wè sa l te ye. Ou wè? Yon Nonm, ak pousyè sou rad Li, ap manje vyann vo, epi ap bwè lèt vach lan, epi ap manje pen mayi. Wi, mesye. Bondye, Elohim, manifeste nan lachè.

251 Te pwomèt, nan dènye jou an, pou manifeste Tèt Li nan lachè ankò! Remake.

"Abraham, kote madanm ou, Sarah?"

"Li nan tant lan, deyè W."

Te di: "M pral vizite w."

252 E dam lan, byensi, kòm li te gen santan, li on jan te ri nan manch li; deyè nan tant lan kounye a, deyè rido yo nan tant lan. Li te di: "Mwenmen, yon granmoun." Ebyen, sa te sispann

avè yo, kòm mouche ak madanm, pandan dè zane, nou konnen, paske li te gen santan, e-e-e li te gen katrevendis. Te di: “Sa pap janm rive.”

253 E L te di: “Poukisa l te ri?” Fiouw! Ak do L vire bay tant lan: “Poukisa l te ri, ap di: ‘Kijan bagay sa yo ka fèt?’” Ou wè, Li te montre l on siy.

254 Kounye a Li pwomèt ke sa pral repete nan fen tan an, ankò.

255 E de mesye yo te desann la a epi te preche Pawòl la, epi te di yo pou yo soti la a; kote a ta pral boule, e latrize. Epi sa te fèt. E Lòt te mache soti ak difikilte; legliz natirèl lan, anba nan peche, ak nan labou, men poutan ap debat nan pwogram òganizasyon yo. Men Epouz la...

256 Grenn Nonm sa a pat janm al jwenn yo. Li t ale sèlman epi L te rele tip Epouz lan. Kounye a nou nan dènye jou yo. Ou wè? Kounye a remake.

“Nou te di la a: ‘Bondye, manifeste nan lachè’?”

257 Jezi te di, Limenm: “Kijan nou fè kondane M?” Te di: “Èske sa pa ekri nan Bib nou an, lwa nou yo, ke yomenm, pwofèt yo, ke Pawòl Bondye an te vin jwenn...” Jezi te di: “Pawòl lan te vin jwenn pwofèt yo,” paske Li te selon Lekriti nan tout bagay. Li te di: “Kounye a, Pawòl Bondye an di, ke: ‘Pawòl lan te vin jwenn pwofèt yo.’ E nou te rele yo dè ‘bondye,’ paske Pawòl Bondye an te vin jwenn yo.” Te di: “Alò kòman nou pral kondane M lè M di Mwen se Pitit Bondye a?” Ak pwòp lwa yo, Li te koud bouch yo. Men li. Ou wè?

258 Kounye a kote n ye? Nou nan tan lafen. Kounye a koute vrèman byen kounye a.

259 Kounye a nou dekouvri ke t ap gen lagè ak bri lagè. E kounye a nou wè ke pye fig lan pouse boujon l. E lòt pyebwa yo pouse boujon yo. Metodis, Batis, Presbiterien, ak tout, pouse boujon yo, yon gran revèy ap pase.

260 Kounye m kwè ke Bondye ap ransanble Epouz la pou dènye lè a, Eli an. O la la! Kounye remake.

261 Ann konsidere sa Jan te wè, lè sa a, de bagay sa yo ke l te wè. “Yon chwal wouj, e kavalye li valse, yo te ba l pwisans pou l touye ak yon gwo nepe.” Kounye a men revelasyon m pou li. Sa se Satan, ankò. Se dyab la, ankò, nan yon lòt fòm. Kounye a, nou konnen ke-ke So yo se te pou...jan m te di lòt jou swa a. E twonpèt yo gen rapò ak-ak-ak-ak lagè sivil, nou wè, nan mitan moun yo, pami nasyon yo. Men nou dekouvri, isi a, ke nonm sa a g on nepe, kifè li gen rapò ak legliz, lagè politik. Kounye a nou ta ka pa panse sa, men jis gade l on minit, jis kèk minit.

262 Remake chanjman koulè chwal sa yo. Menm kavalye; chanjman koulè chwal yo. E yon chwal s on bèt. E bèt la, nan Bib lan, anba yon senbòl, reprezante yon pwisans. Menm sistèm lan k ap moute yon lòt koulè, pwisans, sot nan blan inosan an al nan yon wouj kouvri ak san. Ou wè? Gade l kounye a, kijan l ap vini.

263 Lè l te fèk kòmanse, li te jis, ebyen, li te jis on ti doktrin nan-nan, nan mitan, ki te rele Nikolayitis. Byensi, li pa t ap touye anyen. Sa se Apokalips 2:6, si n vle make l. Li pa t ap touye anyen. Se jis on doktrin, jis yon lespri nan mitan moun yo. Kounye a, li pa t ap touye anyen. O, li te sitèlman inosan, ap moute sou chwal blan sa a. “Ebeyn, nou konnen, nou ka g on gran legliz mondyal. Nou ta ka rele l legliz inivèsèl.” Yo toujou fè l. Trè byen. Ou wè? Kounye a, “Nou te ka gen...” O, li pafètman inosan. E, o, li sitèlman inosan. “Se jis on gwoup mesye. Nou tout ap reyini pou frètènize.” Ou wè, li trè inosan; li blan, se sa chwal blan an te ye. Ou wè?

264 Kounye a, kifè diyitè yo, ak sa k te pi byen abiye yo, ak sa k te edike yo, nou konnen, on jan tankou zwazo menm plimaj yo, nou konnen: “N ap-n ap on jan rasanble bagay yo. E pòv gwoup sa a, poukisa, si yo vle bite la a, ebyen, trè byen, men nou-n ap g on pi bon kategori k ap vin nan legliz nou. Si nou ka jis rale tèt nou sot isi a, n ap-n ap vin on-n ap vin on pakèt Mason, oswa latriye, nou konnen. N ap-n ap jis ranje bagay yo, oswa, konfreri Odd Fellows,” jan yo ye a. E kidonk apres...Pa Lòj Odd Fellow an kounye a, men nou konn sa m vle di. Kidonk, sa dwòl pou vrè kwayan an. Kounye a, men, osinon, nan lòt mo: “Nou vle on ti gwoup, on ti sendika nou ka rele se pwòp pa nou.” Se jis on doktrin, trè inosan. “Frè, poukisa, nou pa g anyen kont noumenm, moun yo, sètènman pa. Nou kòrèk, men, nou konnen, nou santi ke ke n gen biznis ak tout..Nou, Nou t ap pi byen si n te jis met tèt nou ansanm.” Ou wè? Alafen li te kontinye desann dwat jouk sa te rive, wi, mesye, rasanble.

265 Men lè lespri tèrib, twonpè sa a (o, patnè!) te enkane, nan lespri ki nan lachè; lespri doktrin sa a te vin enkane, pou pran plas Kris, nan yon nonm. Yo te dwe adore l, lè sa a, te vire pou vin yon adorasyon tankou Kris. Nan lòt mo, lòtbò nan Vatikan an...M t al la a menm. Sa te ekri: “VICARIVS FILII DEI,” e sa make nan chif Women. Kounye a, nou jis trase yon liy anba chif Women sa yo. E sa vle di: “Nan plas Pitit Bondye a.” Limenm, nan lòt mo, li s on vikè. Nou konn sa on vikè ye; jis pran plas on bagay. Li s on vikè, “Nan plase Pitit Bondye a.”

266 E Bib lan te di: “Se pou sila ki gen don sajès la konte chif bèt la, paske se chif yon nonm. E chif li se sisanswasansis.” Kounye a, pran VICARIVS FILII DEI, epi trase yon liy, ak chif Women yo; “V” an pou senk, epi “I” pou youn...Epi adisyone l, epi wè si nou pa gen sisanswasansis.

267 Bib lan te di: “Li t ap chita nan tanp Bondye a, yo te adore l tankou Bondye.” Lè ti doktrin sa a vin yon bagay enkanne, li vin yon vikè, “Nan plas Pitit Bondye a.” Ou wè? O la la! Lespri tèrib, twonpè sa a! Si n vle li sa, li nan De Tesalonisyen 2:3, epi n ka wè kote l ye.

268 E, byensi, n ap sonje Satan se chèf tout pwisans politik, de tout nasyon. Konbyen moun ki konn sa? [Asanbe di: “Amèn.”—Editè a.] Nou vle make l? Matye 4:8: “Satan te mennen Jezi sou on mòn byen wo, epi l te montre L tout wayòm mond lan, ki te janm egziste oswa ki t ap janm egziste, nan on moman.” W ap pale de on moun! Li te di: “M ap ba W yo, si W va adore m.” E Jezi te konnen ke Li t ap vin eritye yo.

269 Se sa yo di: “Poukisa, noumenm pakèt pòv egzalte!”

270 Poukisa, nou gen mond lan! “Dou yo va erite latè.” Se sa Jezi te di. Ou wè? Ou wè?

271 Remake, Jezi te konnen Li t ap vin eritye yo, kidonk Li te di: “Wete kò w sou mwen, Satan. Li ekri,” tounen dwat ak Lekriti ankò, nou wè: “Ou va adore Seyè a, e Limenm sèl.” Ou wè?

272 Kounye a-kounye a lè-lè, kòm chèf demon, li enkanne nan nonm sipè, relijye sa a, jan Bib la predi, alò li reyini legliz li ak leta. Toude pwòp pwisans li reyini ansanm. Ou wè?

273 Lè lespri antikris la te soti, se t on lespri. Apresa li vin kisa? Li vin lè sa a...Kounye a gade So sa a. Lè lespri an te soti, se te antikris, kont ansèyman Kris la. Trè byen. Pwochen bagay la te fè...Sa Kris te tabli pou Legliz Li fè, Li te kont peche. “O, se pa sa L vle di. Se pa sa l vle di. Se te pou yon lòt moun. Sa a, sa se te anvan nan santan anvan yo, lòtbò an. Sa a, sa pa pou nou.” Ou wè? Sa a, ou wè, *anti*: “kont.” Apresa li vin...

274 Kounye a, kavalye an te soti, li-li pat gen okenn kouwòn, men yo te ba l youn. Chwal blan sa a; li te g on banza, pa gen flèch. Ou wè? Kidonk apres a lè l te soti...

275 Alò, apre on moman, yo te ba l yon kouwòn, paske ou pa ka met on kouwòn sou tèt on lespri. Men, lè, lespri sa a vin enkanne nan dezyèm zèv dispansasyon mistik li, dezyèm zèv lan, li vin yon fo pwofèt kouwone, pou fè travay lespri antikris lan. Kounye a, nou wè l la a, kounye a. Kounye a li vin sa, lè l pran sa. Alò, li, deja, Satan kontwole pouvwa politik mond lan.

276 Kounye a li rive nan on plas jouk li pral f on pwisans legliz inivèsèl, ap pran pwisans relijye. E èske n pa konprann, frè m yo, ke nan...Lè, nasyon sa a parèt nan chapit 13 Apokalips lan, ti bèt sa a ki te leve tankou yon ayo. E l te gen de kòn, pouvwa sivil ak pouvwa legliz, men li te fè menm bagay ke bèt la te fè anvan l.

277 Sa dwòl, Etazini se chif 13, ak on fanm. Sa dwòl, li menm parèt nan chapit 13 Apokalips la. Nou te kòmanse ak trèz bann nan drapo an, trèz zetwal. Tout bagay se: “trèz, trèz, trèz, trèz,” desann nèt ale. Tout bagay se “fanm, fanm, fanm,” desann nèt ale.

278 E alafen I ap fini, (mwen predi li), yon fanm pral kontwole I. Sonje, sa te fè trant an de sa, m te di I. E-e sèt bagay ke m te predi yo, senk nan yo te fin pase. E yo gen nonm lan la a menm kounye a pou fè I antre. E nou vote I, nan politik nou yo la a. Ya. Huh! Trè byen.

279 Sitèlman anpil bagay pou di, apèn si w ka rive kote w vle rive a. Remake kounye a. M pap kenbe nou sòf pou on tikal pi lontan, si m dwe repòte pou demen swa.

280 Gade. Remake. Lè Satan...Kounye a, tout moun, ki, reyalize ke Satan kontwole tout pouvwa politik nan lemonn. [Asanbe di: “Amèn.”—Editè a.] Li te di sa. Matye chapit 4 la, nou pran I, ak vèsè 8 la. Tout wayòm se pou li. Se pou rezon sa a yo goumen, lagè, touye. Kounye a sonje.

281 Èske sa pa dwòl? Yo te ba yo nepe sa a, pou touye youn lòt. O, o, o la la! Remake kounye a.

282 Kounye a, lè I te fè sa, li potko gen pouvwa legliz la. Men li te kòmanse ak yon demon fo ansèyman. Epi ansèyman sa a vin yon doktrin. Doktrin sa a vin enkanen nan yon fo pwofèt.

283 Epi apre li t al jis nan bon plas la. Li pat janm al Izrayèl, kounye a. Li t al Wòm; Nise, Wòm.

284 Konsèy la te fèt, epi yo te eli yon evèk an chèf. Epi apre, lè yo fè sa, yo te reyini legliz ak leta ansanm. Apresa, li te lage banza li. Li te desann chwal blan I lan. Li te monte sou chwal wouj li, paske li ka touye nenpòt moun ki pa dakò avè I. Men So nou an. Menm kanmarad! Gade I ki kontinye monte nan Letènite lòtbò an, avè I, ou wè, reyini toude pouvwa I yo ansanm.

285 Menm bagay y ap eseye fè kounye a menm, menm bagay, jodi a. E yon bagay dwòl, petèt nou pa konprann li. Men, jodi a, sot nan on gwoup Batis nan Louisville...Nou te tande I sou radyo. Yon espikè te leve epi...Konbyen moun ki te tande I? Se sa. Ou wè? Trè byen, men li. Yo vle, epi te mande nan legliz lan kounye a, ke nou pa vrèman dwe, o, jis on jan al jwenn legliz Katolik la, men nou dwe on jan fratèize avè yo. Gen...Epi, menm moman sa ap pase nan Louisville, bò isi a Bondye ap dewoule So yo bay pèp Li, pou montre I: “Pa fè sa!” Nou wè toude sa yo k ap travay ansanm? Sonje, kòbo a ak kolonm lan chita sou menm poto an, nan lach la. Sèten. Jis sonje.

286 Kounye a nou dekouvri, li reyini pouvwa li, apres, lè I vin ni legliz ni leta, eklezyastik lan. Apresa kisa n pral fè? Li fòme pwòp relijyon li. E kounye a li ka fè kèlkeswa sa I vle a. Lè

sa a, li gen dwa touye kèlkeswa moun ki pap dakò avè l. Se egzakteman sa l te fè, tou. E li te fè sa jis egzakteman. E sa li-li...Li te fè vrè sen Bondye vivan yo sa, ki te kenbe Pawòl la e pa t ap dakò avè l sou dògm li yo. Li te touye yo.

287 Kounye a, Frè Lee Vayle, ak noumenm anseyan yo isi a sou laj Nise an ak legliz primitiv lan, m pa konn si nou li sa ou pa. Si n vle li l, al nan *Refòm Glorye* Schmucker a.

288 E nou jwenn li, ke, lè Sen Augustine de Hippo vin yon prèt anba legliz Women an, te gen okazyon an, jouk yon fwa Sentespri an te eseye vin sou li, epi l te rejte l. Konbyen moun ki konn sa, kòm yon anseyan? Kidonk, li te rejte Sentespri an. Se egzakteman sa, yon tip legliz Pwotestan jodi a, ki te rejte Sentespri an. Li te tounen desann nan Hippo, epi l te sila a menm ki te siyen sa a, papye sa ki te gen: “Revelasyon ki sot nan Bondye, ke se te kòrèk e sa te fè Bondye plezi, pou touye tout moun ki pat kwè ak legliz Katolik Women an.”

289 Kounye a koute. M ap site sot nan matiwoloji an: “Depi tan Sen Augustine Hippo an, jouk 1586,” nan matiwoloji Women an: “legliz Katolik Women an te touye swasanntuit milyon Pwotestan.” Èske nepe l te wouj? Èske l t ap monte yon chwal wouj? Kisa l te ye? Menm pwisans lan; menm kavalye an. Men So an. Yo admèt: “swasanntuit milyon,” nan matiwoloji an, apa de tout sa yo te touye an plis sa a. O, mizèrikòd! Pandan laj fènwa yo, te gen dè milyon yo te bay lyon manje, e yo te masakre nan tout fason, paske yo pat vle koube bay dògm Katolik sa a. Nou konn sa.

290 Konbyen tan n genyen? [Asanbe di: “Anpil tan. Tout nwit lan.”—Editè a.] Trè byen. Kite m li on bagay. Vire avè m kounye a, kite m montre nou on bagay. Ann-ann imajine bagay sa a, jis on minit. Sa fèk rive vin nan lespri m, e n ap jis li l. Ann vire nan Apokalips, nan chapit 17 Apokalips la. Nou toujou gen kenz minit ki rete. Trè byen. Kounye a koute vrèman, vrèman byen kounye a, antan n ap li. Noumenm ki gen Bib nou epi k ap vire, m pral ban nou jis on ti tan, konsa n ap jwenn li.

291 Èske w pran sa, Lee? Se nan Schmucker m te jwenn li, ou wè, *Refòm Glorye*, ki te pran dwat sot nan matiwoloji Wòm lan, nan Vatikan an.

292 Kounye a, se te nan pèsekisyon moun Sen Patrick yo. Epi yo rele Sen Patrick sen yo-yo. Huh! Sen Patrick te Katolik apeprè menm jan m ye l la; e nou konn nan ki pwen se sa m ye. Ou wè? Li-li te rayi doktrin legliz la. Li te refize al jwenn pap la. Wi, mesye. Sen Patrick menm...Poukisa, nou, èske nou te janm al anwo nan Ireland di Nò, kote l te gen lekòl li yo? Nou konnen, non l se pat Patrick. Konbyen moun ki konn sa? Non l se te Sucat. Se vre. Te pèdi ti sè l. Nou sonje lè yo...Ou wè? Trè byen.

293 Kounye a remake, chapit 17 Apokalips la. Kounye a tout moun jis eseye louvri kè nou. Kite Sentespri a anseye nou kounye a.

...yonn nan sèt zanj ki te kenbe-te kenbe sèt gode yo vin jwenn mwen:...

294 Kounye a, nou wè, gen Sèt Gode. Nou konnen, sèt sa yo, antan nou pral ladan l, yo tout rive dwat an menm tan; vin apre Fleyo yo, vin apre laj legliz yo, jis menm lan, paske tout sele nan grenn Liv sa a, tout bagay. E tout bagay pase jis youn apre lòt; youn al dwat nan lòt la, epi lòt la, epi lòt la. Men de lespri yo k ap travay; Bondye, ak dyab la. Ou wè?

...ki te kenbe sèt dènye gode yo, e l vin di mwen:...Vin isi a. E mwen pral fè ou wè...a oumenm jijman gwo jennès la, gwo lavil ki chita sou anpil dlo yo.

295 Kounye a gad isi a, bò isi a, ke: “dlo yo.”

296 “Jennès,” kisa sa ye? S on fanm. Pa ka yon nonm. E kisa fanm lan senbolize nan legliz la, nan Bib la? Legliz. Poukisa? Epouz Kris la, e latrize; nou wè, se fanm, legliz la.

297 Kounye a, “dlo yo”, kisa sa vle di? Gad isi a. Li vèsè 15 la nan li la a.

Zanj lan te di m' ankò: Ou te wè jennès la chita nan mitan anpil gwo dlo. Dlo sa yo se pèp,...se foul moun,...yon bann nasyon ki pale tout lang.

298 Legliz sa a t ap gouvène sou lemonn antye, ou wè: “Te chita sou anpil dlo.”

Wa latè yo te fè fònikasyon avè l', fònikasyon esprityèl (ap pran doktrin li, doktrin Nikolayit): Tout moun ki rete sou latè te sou ak diven fònikasyon li yo.

299 Gason, w ap pale de on bann moun sou, sou li! Nou...

Nan lespri an, mwen wè zanj lan pote m' ale nan yon dezè. La, mwen wè yon fanm...

300 E èske n te konn sa? Pwòp sa Katolik la ekri admèt sa se legliz yo. Konbyen moun ki konn sa? Dwat nan pwòp sa yo ekri. M gen *Fè Sou Lafwa Nou*, ke l rele, kounye a, ou wè; se pou yon prèt. Trè byen. Trè byen.

E nan lespri an, mwen wè zanj lan pote m' ale nan yon dezè. La, mwen wè yon fanm ki chita sou yon bèt abiye tou wouj. Bèt la te gen sèt tèt ak dis kòn. Tout kò l' te kouvri ak blasfèm.

301 Kounye a gade byen sa a, senbòl sa a, “sèt tèt” sa yo. Kounye a nou wè la a, kote L di: “Epi-epi-epi... Tèt yo ke w te wè, se sèt ti mòn kote fanm lan chita a.” Wòm chita sou sèt

ti mòn. Nou wè? Kounye a pa gen manti nan sa , nou wè, “Sèt tèt.” “Ak dis kòn,” nou konnen, se dis wayòm, e ensidwit.

Fanm lan te gen yon rad swa mòv... ak wouj san... sou li. Li te chaje ak bijou... fèt an lò, ak piè tout koulè ansanm ak bèl grenn pèl. Li te kenbe nan men l' yon gode fèt an lò ki te plen ak madichon-madichon ansanm ak vie bagay sal lavi jennès li a:

302 Espri antikris sa a, “fònikasyon”, nou wè, “ansèyman” sa a, adiltè sa a ki fèt kont Bondye. Nou wè? Kounye a, li sipoze yon Epouz, nou wè; e lap komèt adiltè. Nou wè? Menm jan Èv te fè, menm jan legliz la ap fè la a. Nou wè?

Te gen yon non ekri sou fwon li ki te gen yon sans kache: GWO BABILÒN,...

303 E tout moun konnen ke: “BABILÒN” se Wòm.

...MANMAN JENNÈS YO ANSANM AK TOUT BAGAY SAL K'AP FÈT SOU LATÈ.

304 E tandè vèsè 6 la.

Mwen wè fanm lan te sou tèlman li te bwè san moun k'ap sèvi Bondye yo ak san tout moun yo te touye paske yo te pran pozisyon pou Jezi. Lè m' wè l', mwen te sezi anpil.

305 Li te tèlman bèl, avèk kwa ak tout bagay sou li! “Kijan l ta ka koupab bwè san moun kap sèvi Bondye yo?” Sa te enrige l. Kounye a li pral di l.

Men, zanj lan di mwen: Poukisa ou sezi konsa? Mwen pral ba ou yon sekre, mwen pral fè ou konnen ki sans pou ou bay fanm lan ansanm ak... bèt k'ap pòte l' la,...

306 Kounye a, nou pa jwenn sa a andedan youn nan So yo. Sa son lòt bagay, nou wè.

Epi l di... sèt tèt ak dis kòn lan.

Bèt...ou wè a te vivan yon lè. Koulye a li pa vivan ankò. Li gen pou l' moute soti nan gwo twou san fon an (li pa gen fondasyon, pap la), apre sa pou li al mouri nèt. Moun ki rete sou latè ki pa t' gen non yo ekri depi lè Bondye t'ap kreye tout bagay nan liv ki gen non moun ki gen lavi a (men Eli yo, nou wè), yo pral sezi anpil lè y'a wè bèt la. Paske li te vivan nan tan lontan,...

307 Koman, ki lè non w te ekri nan Liv Lavi a? Nan reyinyon revèy sa yo ke w te asiste? Non msye. “Depi fondasyon mond lan.”

...koulye a li pa la,...men li gen pou l' parèt ankò.

308 Nou wè, “bèt la,” youn ap mouri, on lòt pral pran plas li. “Li te ye; li pa ankò. Li te ye; li pa ankò. Te ye; li pa ankò.” E li pral mouri nèt, konsa. Nou wè? Ok.

Se koulye a- se koulye a pou moun fè wè yo gen lespri ak bon konprann.

309 Konbyen ki konnen ke gen nèf don espirityèl, epi youn nan yo se sajès? [Kongregasyon an di, “Amen.”-Ed.] Ok.

Sèt tèt yo, se sèt ti mòn kote fanm lan chita a.

310 Oh, fòk ou ta konplètman avèg, soud epi bèbè, pou pa wè sa. Nou wè? Ok.

...Se sèt wa tou yo ye. Senk ladan yo gen tan tonbe, yonn (Newon) ap...gouvènè koulye a, dènye a poko vini. Lè la vini, li p'ap la pou lontan.

311 Nou sonje sa l fè. Li boule vil la, e li blame Kreyen yo. Epi l fè mare manman l a yon charyo chwal pou sa trennen l nan lari a. E l tap jwe vyolon, pandan Wòm tap boule. Ok.

Bèt la menm ki te vivan nan tan lontan men ki pa la koulye a, se yon witièm wa...

312 Wòm payen an vin Wòm **papa** la. Lè lespri enkane antikris la, lè l vin enkane e ke l te kouwònen, li te vin on wa kouwòne de Wòm, toude leta ak legliz, ansanm. Oh! frè! Nou wè, li chaje ak sa. Nou wè?

...Li... fè yonn ak sèt premie yo, li pral fin...(Konbyen tan l dire? Yo pa janm chanje sistèm lan.) pèdi tèt li nèt.

...Dis kòn ou wè yo, se dis lòt wa ki poko konmanse gouvènè. Men, y'ap resevwa pouvwa pou yo gouvènè tankou wa pandan yon ti tan ansanm ak bèt la.

313 Evidaman, nou wè, sa se diktatè.”Yo gon sèl lide.” Kounye a, gade byen. Epi yap pale de kominis. Nou wè?

Yo toulèdis gen menm lide nan tèt yo, y'ap renmèt pouvwa yo ak otorite yo bay bèt la.

Y'a goumen kont ti Mouton an. Men, ti Mouton an va kraze yo, paske li Chèf tout chèf, li Wa tout wa. Li va kraze yo avèk moun pa l' yo, moun Bondye te rele,... moun li te chwazi, moun ki kenbe fèm ak li.

Zanj lan di m' ankò: Ou te wè jennès la chita nan mitan anpil gwo dlo. Dlo sa yo se pèp,... se foul moun,... yon bann nasyon ki pale tout lang.

...Dis kòn ou te wè ansanm ak bèt la, yo pral rayi fanm movèz vi a: e alyans sa a pral brize... (m te pale de sa yè swa.) ... y'a pran tou sa l' genyen, y'a kite l' toutouni, y'a manje viann li, y'a boule l' nan dife.

314 Èske nou pa konnen ke Bib la di ke kaptenn bato yo, ak tout lòt bagay, yo te di: “Malè, malè, gran vil sa a ! Jan l te detwi an inèdtan!” Nou wè?

Bondye mete nan kè yo lide pou yo fè sa li menm li vle, pou yo tout tonbe dakò fè menm bagay, pou yo renmèt pouvwa yo kòm wa nan men bèt la, jouk tan pawòl Bondye yo va rive vre.

... Pou fini, fanm ou te wè a, sè gwo lavil k'ap donminen sou tout wa ki sou latè yo.

315 Nonmen m youn. La Risi pa gouvènen sou tout moun. Nou pa gouvènen sou tout moun. Gon sèl wa ki gouvènen sou tout bagay... tankou fè Nèbikadneza, ki te pase nan tout zòtèy. Sa a se Wòm. Wòm pa fè l kòm yon nasyon, li fè l kòm yon legliz. Tout nasyon ki anba syèl la pou Wòm.

316 Li pa etonan yo te di: “Kiyès ki ka fè lagè avè l?” Li ka di : “Lapè,” [Frè Branham klake dwèt li-Ed.] e se fini. Tout Katolik di: “Se, ‘Pa goumen,’” epi-epi yo pa goumen. Se fini. “Kiyès ki ka fè sa l ka fè?” Pèsonn. Se vre. “Alò yo sezi devan mirak li ka fè.” Li ka sispann gè a. [Frè Branham klake dwèt li.] Sèl bagay pou l fè se jis di: “Stop.” Se fini. Men ou kwè lap fè l? Jamè.

317 Remake, sa a byen montre: “Yo ta dwe touye youn lòt. Yo ta dwe touye youn ak lòt.” Nan kòmansman, ak li pat gen flèch, men “gwo nepe” li te genyen. Li fè krim li, pita, e l chanje de chwal blan an a chwal wouj la; menm lan, egzakteman, dyab la, avèk nepe li.

318 Kisa Jezi te di? Jezi te di: “tout moun ki sèvi ak nepe, se nepe k'ap touye yo tou.” Pa goumen. Nou wè? Jezi, nwit sa a lè L te di, Li di sa, lè Pyè te pran nepe li. Nou wè? Jis aji jan l te fè l, jis mache.

319 Bon, kounye a sonje, li gon nepe. Li pran devan, on nepe nan men l; ap monte on chwal wouj, ap patoje nan san tout moun ki pa dakò avè l.

320 Èske nou konprann li kounye a? [Kongregasyon an di: “Amen.”-Ed.] Konbyen ki konprann sa So sa a ye kounye a? [“Amen.”] Ok. Kounye a, kisa Jezi te di? “tout moun ki sèvi ak nepe, se nepe k'ap touye yo tou.” Pa vre? Ok. Trè byen. Kavalye sa a ak tout sijè wayòm li an ki touye atravè aj la, ki repann tout san sa de mati sen yo, Nepe Jezikri pral touye yo lè L vini. “tout moun ki sèvi ak nepe, se nepe k'ap touye yo tou.” Yo pran nepe dogmatik lan ak antikris la, e yo elimine pa milyon vrè adoratè yo, atravè tout laj yo. E lè Kris pral vini ak Nepe

a, paske se Pawòl Li ki soti de bouch Li, Li pral touye tout enmi ki devan L. Èske nou kwè sa?
“Lap touye enmi a.”

321 Ann pran Apokalips, jis on minit. Nou pral wè kounye a si se jis mwen menm kap di sa, ouben si Pawòl la di l. Apokalips 19:11.

Aprè sa, mwen wè sièl la louvri (amen), epi o! yon chwal blan parèt. Yo te rele moun ki sou li a: Nonm serie ki pa nan bay manti. L'ap jije, l'ap mennen batay la jan sa dwe fèt.

Je l' yo... klere tankou flanm dife. Li te gen yon bann kouwòn... sou tèt li...

322 Oh, frè! Nou wè, Li te deja kouwone pa sen L yo, nou wè.

...Li te gen yon non ekri. Se li menm sèl ki te konnen non sa a,... pesonn dèt pa t' konnen li.

323 Sonje, nou-nou pa ka, nou pa konn sa, nou wè, sa l ye. “Epi l te abiye...” Ann wè.

Li te gen yon rad benyen nan san. Yo rele l' (pa “ye,” men “rele l”) Pawòl Bondye.

324 Paske, Li menm ak Pawòl la se menm. Nou wè? Kounye a remake, se pa “ non Li yo.” Uh-huh! “Non Li rele ‘Pawòl Bondye,’” Li jis konnen on sèl Non; pa gen lòt non.

Lame ki nan syèl la t'ap swiv li. Yo tout te moute sou chwal blan, yo te abiye ak bèl rad twal fen, byen klere, byen pwòp. (Sa se jistis sen yo . Nou wè?)

325 Kounye a gade. Kisa Jezi te di? “Moun ki sèvi ak nepe...” Ok, kavalye chwal wouj la, men kote lap vini. “Moun ki sèvi ak nepe...” Ou te ka petèt touye swasant-uit milyon nan yo, atravè aj sa yo, depi lè a, petèt plis. Men Jezi di: “Moun ki sèvi ak nepe, se nepe k'ap touye yo tou.” Gade.

Yon nepe byen file t'ap soti nan bouch kavalie a...

326 Ebre, chapit 4 di: “Pawòl Bondye a pi file pase kouto de bò, Li koupe jouk kote vyann ak mwèl zo kontre.” Epi kisa Li fè, Pawòl la? “Li Jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun.” Se vre.

... Yon nepe byen file t'ap soti nan bouch kavalie a... Se ak nepe sa a li t'ap frape nasyon yo. Li t'ap mennen yo ak yon baton fè. Li t'ap kraze rezen yo nan moulèn diven gwo kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a.

Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: WA TOUT WA YO, CHÈF TOUT CHÈF YO.

327 Menm jan a enpostè sa yo, ki te kont Pawòl Bondye a, e paske yo pat vle dakò, alò bagay sa a... Satan etabli l, li ini pouvwa politik ke l te genyen, ak pouvwa esprityèl ke l te genyen, ansanm, e l fòme yon egliz ki okipe on plas andedan chak nasyon. E l mete de milyon e de milyon... apre ke l sote de chwal blan an, a chwal wouj la, li pran nepe l e l pran devan.

328 Men Bondye te di: “Avèk menm Bagay la ke l pèvèti a, ou ke l te eseye pèvèti a, pa yon fo ansèyman; menm Pawòl sa a pral leve an pwisans, lap soti nan bouch Jezikri, e Lap touye l, ak tout sa kap devan L.” Amen.

329 Men Dezyèm So a. Nou renmen Li? [Kongregasyon an di: “Amen.”-Ed] Oh, lala! Sa se MEN SA SEYÈ A DI. [Kongregasyon an ap rejwi anpil.] Lwanj pou Bondye! Si tout lòt revelasyon sa yo, ak vizyon sa yo, ak lòt bagay, te toujou-toujou pafè! Epi konbyen ki konn sa? Leve men nou. De santèn, tout moun isi a, ak men yo leve. Se vre. Konsa Lap ye! Sonje, se konsa. Oh, zanmi!

Vini nan Fontèn lan ki ranpli ak San,

Ki soti nan venn Emmanuel;

Kote pechè plonje nan inondasyon sa a,

Pèdi tout tach peche yo.

330 Vini, kwè nan Li, si nou pa janm fè l. Pa pran okenn chans; pa, pa, si gen yon bagay nan vi w, zanmi.

331 Nou la a. Gon bagay ki pral rive. [Frè Branham frape sou chè a kat fwa-Ed.] M pa konn poukisa. M pa konn ki lè. M konn kisa k pral rive, men m pa konn kilè lap rive. Men sa pral rive, paske Lap revele l kounye a. Li pa fè anyen san L pa fè moun konnen. Amos 3. Li fè l konnen, an premye. E L te pwomèt ke bagay sa yo ta pral rive nan dènye jou yo. E nan sètèm aj egliz la, lè lap pran fen, lè mesaje a ap la, lè a lap rive. Lap revele, So brize sa yo ap revele, e men Yo. Kounye a, sa se nan Non Seyè a. Kwè L, zanmi. Wi, msye. Soti de Babilòn!

332 M vle di on bagay anvan m fini. Paske, m gon... Li prèske nevè trant. Li lè kounye a.

333 Billy avè m, lè nou desann avyon an, an End, dènye vwayaj nou la. M tap gade on-on journal ke yo te pote, ki te ekri an Anglè. Epi l te ekri: “Tranbleman de tè a dwe fini, zwazo yo ap tounen.” Apresa te gen detay yo. Yo... Te gon bagay biza ki te pase.

334 Pa gen kloti an griyaj menm jan avè nou, an End. Yo ranmase pyè, e yo fè kloti yo. E yo bati anpil nan kay yo avèk wòch, yo jis anpile yo youn sou lòt. E l fè cho lòt bò a, apeprè, oh, prèske tout kote, an End, mwen lè ou nan mòn yo. E tout kote atravè Calcutta e toupatou, moun yo jis lonje nan lari a, ap mouri grangou, e tou.

335 Bon, alò, yo bati kay yo tankou dè tou, pou sèvi yo de kay. Yo fè kloti a-a la a, sou kote kay yo. Yo konstwi tou a pou kay yo, epi petèt on tou kote yo gen pi yo. Yo fouye l pou bèf yo ak bagay, epi yo fè kloti yo alantou l.

336 Epi, menm lè a, on bagay kòmanse rive. Ti zwazo yo, nou konnen, yo ale nan wòch sa yo, e yo fè nich yo e yo elve piti pa yo. E on bagay kòmanse rive.

337 Chak jou, lè l fè cho, tout bèf yo vin toupre e rete anba lonbraj mi sa yo; ap pran frechè.

338 Epi tout ti zwazo yo viv nan kote sa yo. Epi, toudenkou, tout ti zwazo sa yo, pou on rezon enkonni... Bon, nou konnen sa nou di lòt jou a sou ti zwazo. Nou wè? Kèk rezon enkonni, yo tout ale. Yo pati, e yo pa tounen nan nich yo. Yale nan chan yo, yo rete nan pyebwa yo, e tout kote yo te kapab, oubyen dirèk sou tè a.

339 Bèf yo pat vle vini toupre. Mouton yo pat vle vini toupre. Yo te rete dirèk nan chan yo, kole youn sou lòt. Son bon fason pou fè. Yo te konnen ke gon bagay kap rive.

340 Apresa, toudenkou, te gon tranbleman de tè, ki fè mi yo tonbe, kloti tonbe, ak tout lòt bagay.

341 Apresa ti zwazo yo kòmanse tounen. Yo pat tounen anvan twa ou kat jou; apresa yo kòmanse tounen. Yo di: "Ebyen, tranbleman de tè a dwe fini kounye a; zwazo yo ap tounen."

342 Poukisa? Èske nou pa kwè ke menm Bondye a ki te fè zwazo sa yo ak bèf ak mouton antre nan ach la epòk Noe, Li toujou menm Bondye a ki ka fè yo vole nan on kote ki an sekirite? Se pa vre? [Kongregasyon an di: "Amen."-Ed.]

343 Kounye a kite m di nou on bagay, frè. Gon bagay kap pare pou rive. Epi tout gwo vye mi eklezyastik sa yo pral tonbe, e yo pral tounen lòt bò a, e pral mete yo dakò. Paske, yo pral fè l, m sèten jan m kanpe devan nou la a. Gon "imaj de bèt sa a," osi sèten ke jan m kanpe devan nou la a; e nasyon sa a pran li, dapre Pawòl Seyè a. Tande, lè w santi ti sansasyon dwòl sa a, elwaye w de mi sa yo. Kouri! Wap mouri ladann. Pa fè !! Soti de la a! Elwaye w de tout bagay sa yo! Kouri nan on kote ki an sekirite, osi vit ke w kapab. Mande Bondye mizerikòd.

344 Pa jis pran, kèk: "Ebyen, manman m te Metodis, alò m sipoze map Metodis tou. Papa m te Batis; map Batis tou." Pa fè sa. Pa-pa pran okenn chans.

345 M pa bezwen konnen jan Sa ka parèt senp e enb; Se Pawòl Seyè a. Kouri jwenn Jezikri osi vit ke w kapab, epi rete la jiskaske Bondye ranpli w ak Sentespri L. Pral vin on lè kote ou pral chache L, e Li pap la. Alò, asire w ke ou fè l.

Ann bese tèt nou, jis on moman.

346 Papa nou ki na Syèl la, oh, mwen-m jis, gende lè, Seyè, m kanpe la a epi-epi map tranble. Map panse a moman terib sa a kap pwoche, epi mwen... Pa gen jan pou kanpe l. Li te prevwa ke lap vini. E m te panse a: "Poukisa moun yo pa vini epi-epi-epi koute? E poukisa yo pa vin aksepte L?" Men, evidaman, M konnen ke-ke Ou-ou te di ke yo pa tap aksepte L, alò yo pap fè l.

347 Men gen kèk ki gen non yo ki ekri nan Liv de Vi Ayo an. E lè So sa yo louvri la a, yo wè non yo la la, e Sentespri a pale avè yo. Yo vini. Ou pa ka anpeche yo vini; pèsonn moun kapab, pèsonn. Yo vini kanmenm, paske Ou kondwi yo menm jan Ou te fè ak ti zwazo sa yo, epi mouton an e bèf la. Ou se Bondye! Kèk ensten ke zannimo sa yo genyen, ke yo konnen pou yo sove tèt yo! Epi si ensten, on bèt, te ka avèti l pou l kouri pou danje a, kisa Sentespri a ta ka fè a on Legliz ki pretann ke l ranpli ak Li!

348 Bondye, gen pitye pou nou. Padonnen nou tout, Seyè, pou enpèfeksyon nou. Nou pa vle kanpe la a nan chè sa a epi kite moun sa yo kanpe toupre mi yo, ak janm fè mal, epi apre annik jis ale epi di: "Eben, sa a sonnen byen." Seyè, nou vle fon bagay sou li. Nou, nou vle Ou sonde kè nou. Si gon bagay ki mal, Seyè, kite nou konnen kounye a. Tanpri pa kite nou rive lè sa a lòt bò a, lè lap twò ta. Sonde m. Teste m, Seyè.

349 Men li, m kanpe la a pa gras Bondye, m wè So sa yo ki brize lòt bò a, e m vini, pou m di moun yo. Alò ke, Ou te prevwa li tap rive konsa, kèk semèn de sa. Epi kounye a, Papa, men Li, devan nou.

350 Kounye a, Seyè, teste m. Sonde m. Sonde kè mwen. Seyè, nou pa... Nou, nou vle ke W gade nan vi nou. E si gon bagay la a ki pa bon, jis di nou li, Seyè. Nou vle korije sa touswit; touswit, pandan ke gon Fontèn ranpli ak San, pandan ke gon-gon klowòks ki ka netwaye peche nou e enkredilite nou. Nou vle plonje nanm nou nan sa; tout enkredilite nou. Bondye, ede enkredilite nou; retire sa de nou, Seyè.

351 Nou vle resevwa gras Anlèvman an. Nou vle kapab, lè Tonè misterye sa a pral tone lòt bò a, e ke Legliz pral anlve, nou vle pare pou resevwa Li. Seyè, akòde l.

352 Teste nou, Seyè, pa Pawòl Ou. Kite nou egzamine L. E si nou wè ke nou fayi...Si genyen ki isi a, Seyè, ki te batize nan tit yo; ki pat konn anyen sou reyèl, vre batèm lan! Se pou m osi fidèl ke Pòl...

353 Lè l te travèse rejyon an wo Efèz la, e l te jwenn dè disip ki tap kriye, ki tap rele, ki tap pase yon moman glorye. Li di yo: “Èske nou resevwa Sentespri a alò, depi lè nou te kwè a?” Yo pat menm konnen Li te egziste. Li di: “Alò ki batèm nou te resevwa?” E yo te batize pa glorye e sen pwofèt sa a, men se te sèlman batèm repantans lan. Alò yo te rebatize, nan Non Jezikri. E Pòl te bay lòd pou yo te rebatize ankò.

Seyè, nan Limyè Pawòl Ou!

354 M kòmande tout moun, ki pa batize nan Non Seyè Jezikri, pou yo prese vini nan dlo a, byen rapid, pandan ke nou gon chans.

355 Ou menm ki pa ranpli ak Sentespri a, m kòmande w, nan Non Seyè Jezikri, tonbe sou jenou w. E pa leve jiskaske Sentespri a fin sanktifye w e ranpli w ak lanmou L ak bonte L; jiskaske nanm ou tèlman satisfè nan Prezans Bondye, ke tout dezi ou se pou sèvi L, epi mache pou Li, epi travay avè L, tout rès vi w.

356 Akòde l. M priye ke Bondye pral ba ou chay sa a, nan Non Jezikri.

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li te renmen m an premye

Èske nou vrèman renmen L? Kounye a leve men nou.

E achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

357 [Frè Branham kòmanse ap fredone *Mwen renmen L*-Ed.] Si genyen ki chita, ki konnen bezwen yo aswè a, ki santi ke yo bezwen batize, ouben bezwen batèm Sentespri a. Ou konn bezwen w; li te revele a ou, e ou vle yo sonje w nan lapriyè. Okenn nan nou ka ba w Li. Oh, nou ka batize w. Men, sèl la, nou pa ka ba w Sentespri a. Bondye fè sa, pou kont Li. Men si w konnen bezwen w, ke Bondye ap pale ak kè w, ke ou bezwen L, e ke w vle nou sonje w nan priyè nou. Èske w ka leve, pou nou sa konnen w, konnen kiyès ou ye? Ke Bondye beni w. On bezwen? Ke Seyè beni w.

358 M devine gen san-senkant moun, petèt, ki kanpe la a. Se apeprè sa, si m ka wè tout. M pa konn konbyen ki nan sal yo, ki deyò, ki kenbe men yo anlè, e ensidswit. Men nou gon bezwen.

Kounye ann priye.

359 Kounye a, ou menm ki wè moun sa yo ki kanpe toupre w. E yo kanpe antan ke temwen, devan Kris: “Mwen-mwen-m bezwen W Seyè. M bezwen W. Mwen-m vle kwè ke mwen-m se youn nan sa yo ki pral jwenn non m aswè a dèyè So sa a lòt bò a, ki te ekri La a depi fondasyon mond lan. On bagay manyen kè m, e m kanpe, Seyè. Èske se mwen? Èske Wap rele m? M vle Ou revele m, non mwen lòt bò A. Ranpli m, e sele m nan Ou, pa Sentespri a.” Ou menm ki deja sele, m vle ou leve. Vire ba yo, epi enpoze men nou sou yo, pou priye pou yo. [Frè Branham pran on poz-Ed.] Kounye a rete vrèman sensè. [Tout kongregasyon an kòmanse ap priye.]

360 Papa nou ki nan Syèl la, nan Non Seyè Jezi, kite gran Sentespri a aji nan odyans sa a, tankou yon van vyolan, epi pou L rele tout kè isit la, Seyè. E voye desann batèm Sentespri a, sou moun sa yo.

Epi gon dlo kap tann.

361 “Pyè t'ap pale toujou lè Sentespri a desann sou tout moun ki t'ap koute mesaj la, e yo tout te ranpli ak Sentespri a.”

[Tout kongregasyon an ap kontinye priye-Ed.]